Biwo Avoka Jeneral Letitia James nan Eta New York

Aksè Lengwistik nan Eta New York

Tab Matyè yo

Kòman pou w itilize gid sa a 5

Aksè nan sèvis entèpretasyon ak tradiksyon 6

Aksè lengwistik nan domèn lasante 11

Aksè lengwistik nan edikasyon 13

Aksè lengwistik nan kad aplikasyon lalwa (zafè lapolis)18

Aksè lengwistik pou vote 21

Pwoteksyon nan Eta New York 23

Dekrè ak politik federal 28

Plent ak reklamasyon..... 32

Referans 38

Videyo Lang Siy Ameriken (ASL) pou piblikasyon sa a disponib nan:

ag.ny.gov/language-access

Si ou gen yon Konpetans Limite nan Lang Anglè (LEP), ou soud, oswa ou gen difikilte pou tande, ou gen dwa a sèvis ak asistans ki pèmèt ou jwenn aksè nan aktivite, ak enstitisyon enpòtan nan Eta New York. Se sa yo rele **aksè lengwistik**.

Aksè lengwistik nesesè pou asire ou menm ak tout lòt moun ki nan Eta nou an gen menm chans pou patisipe totalman nan lavi sosyal la. Li pèmèt nou pran desizyon eklere sou swen sante nou, edikasyon pitit nou yo, ak kote nou rete. Epi li asire nou gen menm aksè nan sèvis piblik esansyèl yo, tankou rele sèvis ijans, ale nan tribinal, oswa renouvle lisans chofè nou.

Si ou gen konpetans limite nan lang anglè (LEP), ou soud, oswa ou gen difikilte pou tande, nan kèk sitiyasyon ou gen dwa jwenn sèvis kominikasyon gratis, tankou:

- entèpretasyon oral nan lang prensipal ou

- tradiksyon ekri nan lang yo plis pale yo nan Eta New York

- entèpretasyon nan Lang Siy Ameriken (ASL)

Dwa sa yo pwoteje anba lalwa federal ak Eta a ki pa ka chanje ak dekrè oswa politik prezidansyèl.

Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la (OAG) angaje l pou defann dwa sa yo epi asire ou enfòme sou dwa w genyen nan aksè lengwistik anba lalwa federal ak Eta a .

Kòman pou w itilize gid sa a

Nou òganize gid sa a dapre tèm, tankou:

- dwa ou genyen pou jwenn sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan Eta New York
- dwa ou genyen konsènan aksè lengwistik lè w ap resevwa swen medikal, lè w ap kominike ak lekòl yo, lè w ap annafè ak lapolis, epi lè w ap vote
- kòman lwa Eta a ak lwa federal yo pwoteje dwa sa yo
- kòman pou w pote plent si w pa resevwa sèvis oswa aranjman aksè lengwistik yo



Pou **pwofesyonèl dwa** yo ak lòt defansè yo, nou bay referans pou lwa ak jirispridans pètinan yo nan **nòt yo ki nan fen gid sa a**.

Remak: Yo te mete gid sa a ajou nan mwa Janvye 2026. Règleman federal yo site nan dokiman sa a an vigè nan dat sa a, men yo ka chanje nenpòt lè.

Aksè nan sèvis entèpretasyon ak tradiksyon

Sèvis entèpretasyon oral ak nan Lang Siy Ameriken (ASL) nan Eta New York

Gen anpil sitiyasyon kote ou ta dwe resevwa sèvis entèpretasyon oral oswa nan Lang Siy Ameriken an (ASL) gratis. Men kèk nan sitiyasyon ki pi komen kote ou ta dwe resevwa sèvis sa yo:

Swen Sante

- Lè w se yon pasyan nan yon lopital oswa nan yon sal ijans; epi tou, lè w ale nan yon famasi pou jwenn yon preskripsyon .[1]

Sèvis Piblik

- Lè w ap aplike pou sèvis oswa benefis nan yon ajans Eta a, tankou Depatman Veyikil Motè yo (DMV),[2] Komisyon Konpansasyon Travayè yo, oswa Depatman Enpo ak Finans Ian.[3]
- Lè w ap aplike pou sèvis oswa benefis nan ajans minisipal oswa konte ki gen lwa oswa dekrè lokal sou aksè lengwistik, tankou Vil New York, avèk konte Westchester, Suffolk, ak Nassau .[4]
- Lè w aplike pou asistans federal apre yon gwo katastwòf natirèl oswa yon sitiyasyon ijans.[5]
- Lè w aplike pou Medicare oswa Medicaid.[6]
- Lè w aplike pou benefis nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè a (SNAP).[7]
- Lè w aplike pou Asistans Ijans ak Lòt Fòm Asistans Tanporè nan Biwo Asistans Tanporè ak Asistans pou Moun Ki Gen Andikap Eta New York la ak nan distri sèvis sosyal lokal yo. Fòm asistans sa yo gen ladan yo asistans finansye ak peman lojman tanporè, kote pou w rete, ak depans sèvis piblik.[8]

Pwosedi Jidisyè

- Lè w se yon pati (pou egzanp: moun ki pote plent, defandè (akize), moun ki fè yon demann, oswa entime) oswa yon temwen nan yon pwosedi penal oswa sivil devan yon tribinal Eta a.[9]
- Lè w se paran oswa gadyen legal yon timoun ki enplike nan yon pwosedi devan yon Tribinal Fanmi (Family Court).[10]
- Lè w se yon pati oswa yon temwen nan yon pwosedi sivil oswa penal devan yon tribinal federal.[11]
- Lè w se yon pati nan yon pwosedi devan yon tribinal imigrasyon.[12]
- Lè w se yon pati oswa yon temwen nan yon pwosedi yon ajans Eta a angaje pou rezoud yon konfli, si ou soud oswa gen difikilte pou tande.[13] Pwosedi sa yo pèmèt rezolisyon divès kalite pwoblèm, tankou refi aplikasyon pou benefis ak lisans, ak penalite pou vyolasyon lalwa.

Aplikasyon Lalwa

- Lè w gen yon apèl telefonik oswa yon randevou pwograme ak yon anplwaye Lapolis Eta New York.[14] Ajan Lapolis Eta a (State Troopers) dwe ofri w tou sèvis entèpretasyon gratis pandan rankont an pèsòn sou teren an oswa nan biwo lapolis yo,[15] sof si rankont lan fèt nan yon sitiyasyon ijans oswa nan yon ka arestasyon kote tan an se yon faktè esansyèl.[16]
- Lè yon ajan Depatman Lapolis Vil New York (NYPD) mande w bay konsantman w pou fouye w, machin ou, kay ou, oswa byen ou genyen, epi ajan an bezwen pèmisyon ou apre w fin byen konprann sa li mande a. Sa ka rive si ajan an pa gen yon manda pèkizisyon nan men l oswa yon motif rezonab ki pèmèt li fouye w, epi w pa anba arestasyon. [17]
- Lè w parèt devan komisyon liberasyon kondisyonèl Eta a (Parole Board) pou yon entèvyou oswa yon odyans.[18]

Vòt

- Si ou bezwen èd pou vote.[19]

Ou ka aprann plis sou dwa w nan sèvis aksè lengwistik nan sitiyasyon espesifik yo nan seksyon gid sa a ki pale sou **swen medikal, lekòl, fòs lòd (aplikasyon lalwa),** ak **vòt**.

Sèvis tradiksyon ekri nan Eta New York

Lalwa egzije pou kèk ajans ak òganizasyon ofri w tradiksyon ekri gratis pou dokiman nan sèten lang. Gen kèk kalite enfòmasyon, tankou etikèt medikaman sou preskripsyon ak enfòmasyon sou salè ak peman w, ki dwe disponib nan lang prensipal ou. Gen lòt kalite enfòmasyon, tankou dokiman ki soti nan ajans Eta a ak dokiman ki gen rapò ak vòt epi eleksyon yo, ki pral sèlman disponib nan lang ki pa Anglè ki pi komen nan Eta a oswa rejyon ou an. Ou pral jwenn plis detay sou egzijans tradiksyon espesifik sa yo nan nòt ki anba paj yo.

Men kèk nan sitiyasyon ki pi komen kote w ta dwe resevwa sèvis tradiksyon ekri:

Swen Sante

- Lè w ale nan yon famasi pou jwenn yon preskripsyon.[20]
- Lè w se yon pasyan nan yon lopital oswa nan yon sal ijans, nan sèten sikonstans.[21]

Sèvis Piblik

- Lè w aplike pou sèvis oswa benefis nan yon ajans Eta a, tankou Depatman Veyikil Motè yo (DMV),[22] Komisyon Konpansasyon Travayè yo, oswa Depatman Enpo ak Finans lan.[23]
- Lè w aplike pou sèvis oswa benefis nan ajans minisipal oswa konte ki gen lwa oswa dekrè lokal sou aksè lengwistik, tankou Vil New York avèk konte Westchester, Suffolk, ak Nassau.[24]
- Si ou sanzabri oswa w ap viv nan yon refij epi w an kontak ak Depatman Sèvis pou Sanzabri nan Vil New York .[25]
- Lè w aplike pou Medicare oswa Medicaid.[26]
- Lè w ap aplike pou benefis SNAP yo.[27]

Vòt

- Si ou bezwen èd pou w li dokiman ekri yo lè w ap vote.[28]

Anplwa

> • Lè w resevwa enfòmasyon sou salè w oswa peman w nan men yon nouvo anplwayè oswa lè w mande enfòmasyon sou benefis Konpansasyon Travayè nan men Komisyon Konpansasyon Travayè a.[29]

Ou ka aprann plis sou dwa w nan sèvis aksè lengwistik nan sitiyasyon espesifik yo nan seksyon gid sa a ki pale sou **swen medikal, lekòl, fòs lòd,** ak **vòt**.

Ajans nan Eta New York ki oblije bay sèvis entèpretasyon ak tradiksyon

Lwa sou Aksè Lengwistik Eta New York (https://ogs.ny.gov/new-york-state-language-access-law) la aplikab pou tout ajans Eta a ki bay sèvis oswa benefis pou piblik la.[30] 30 Kounye a, 50 ajans piblik, tankou DMV, Depatman Trezò, Divizyon Dwa Moun, ak Komisyon Konpansasyon Travayè yo, gen obligasyon dapre lalwa sou aksè lengwistik pou yo bay tradiksyon dokiman esansyèl yo ak sèvis entèpretasyon.[31] Yo defini **dokiman esansyèl yo kòm** "nenpòt dokiman sou papye oswa sou fòm dijital ki gen enfòmasyon ki nesesè pou yon moun jwenn sèvis oswa benefis nan men yon ajans, oswa yon dokiman lalwa mande pou yon moun ranpli."[32]Yon lis konplè ajans ki gen obligasyon pou bay sèvis aksè lengwistik sa yo disponib sou sit Entènèt Biwo Sèvis Jeneral yo, nan Anyè Aksè Lengwistik Eta New York la (https://ogs.ny.gov/language-access-directory).[33]

Dapre Lwa sou Aksè Lengwistik la, ajans sa yo dwe bay dokiman esansyèl yo nan **12 lang** moun ki gen Konpetans Limite nan Anglè **pi souvan pale** nan New York, dapre done resansman an. Nan lane 2025, lang sa yo se:

- **Arab**
- **Bengali**
- **Chinwa**
- **Fransè**
- **Kreyòl Ayisyen**
- **Italyen**
- **Koreyen**
- **Polonè**
- **Ris**
- **Panyòl**
- **Ourdou**
- **Yidich** [34]

Si w ap resevwa sèvis oswa benefis nan yon ajans, li dwe ba ou **sèvis entèpretasyon** gratis nan lang prensipal ou, menm si lang sa a pa fè pati lis 12 lang yo plis pale yo apre Anglè a.[35]

Lwa sou Aksè Lengwistik Eta a pa aplikab pou ajans federal, rejyonal, oswa minisipal yo, men lalwa federal ak Eta a kont diskriminasyon yo ka pwoteje dwa w nan Aksè Lengwistik lè w ap kominike avèk ajans depatmantal ak minisipal yo. Anplis, gen kèk depatman ak vil nan New York ki te adopte Lwa sou Aksè Lengwistik la oswa ki te pibliye pwòp lwa ak òdonans sou aksè lengwistik pa yo.

Lalwa Vil New York egzije pou ajans minisipal, ki bay piblik la sèvis dirèk, ofri sèvis entèpretasyon nan telefòn nan omwen 100 lang.[36] Anplis, ajans sa yo dwe tradui dokiman yo pi souvan distribye yo nan lan.[37]

Konte Westchester,[38] **Konte Suffolk**,[39] **Konte Nassau**,[40] ak **Konte Monroe**[41] gen pwòp lwa, dekrè, oswa plan aksè lengwistik pa yo ki egzije sèvis tradiksyon ak entèpretasyon nan men ajans ki bay piblik la sèvis yo.

Aksè lengwistik nan domèn lasante

Si ou gen konpetans limite nan lang anglè (LEP), si ou soud oswa si ou gen difikilte pou tande, ou gen dwa pou w resevwa sèvis aksè lengwistik lè w ap resevwa swen medikal oswa lè w ale nan pifò famasi nan Eta New York. Dwa sa yo pwoteje anba lwa ak règleman federal yo ak Eta a.

Aksè lengwistik nan lopital yo

Tout lopital jeneral [42] nan Eta New York yo dwe ba ou yon entèprèt ki kalifye si ou se yon paysan ki gen LEP, si ou soud oswa si ou gen difikilte pou tande, epi w ap resevwa swen pou pasyan entène, swen ekstèn, oswa swen ijans.[43] Lopital jeneral yo dwe pran sèten mezi pou asire sèvis aksè lengwistik sa yo disponib pou ou menm ak tout lòt pasyan ki bezwen yo. Mezi sa yo gen ladan yo:

- pou yo pa mande w konte sou yon manm fanmi w, yon zanmi, oswa nenpòt lòt moun ki p ap travay nan lopital la pou sèvi w kòm entèprèt, eksepte si ou aksepte sèvi ak moun sa a kòm entèprèt ou epi yo te deja ofri w sèvis entèpretasyon gratis men ou te refize yo [44]
- idantifye lang ou prefere a ak bezwen lengwistik ou depi premye fwa ou vizite lopital la pou w resevwa swen [45]
- dokimante preferans ak bezwen lengwistik ou yo, epi akseptasyon oswa refi w pou sèvis aksè lengwistik, nan dosye medikal ou[46]
- prepare dokiman pou pasyan yo ak moun ki ka vin pasyan yo pou esplike yo kòman pou yo jwenn sèvis aksè lengwistik gratis [47]
- mete afich nan espas piblik yo (tankou sal datant) pou fè konnen gen sèvis aksè lengwistik gratis disponib [48]
- bay anplwaye ki travay dirèkteman ak pasyan yo fòmasyon kontinyèl sou enpòtans pou yo bay sèvis aksè lengwistik epi sou kòman pou yo jwenn sèvis sa yo pou pasyan yo [49]

Si ou se yon pasyan ki entène nan yon lopital (swa pou yon sejou konplè oswa pou yon senp konsiltasyon) epi w soud oswa w gen difikilte pou tande, jeneralman, lopital la dwe ba ou yon entèprèt ki kalifye nan **20 minit** apre demann ou an.[50] Si w ap resevwa swen ijans, jeneralman, lopital la dwe ba ou yon entèprèt nan **10 minit** apre demann ou an.[51]

Aksè lengwistik nan famasi yo

Dapre lalwa Eta a, famasi ki fè pati yon gwoup uit (8) famasi oswa plis nan Vil New York ki gen menm pwopriyetè a, dwe ofri w sèvis entèpretasyon ak tradiksyon gratis ak konpetan si ou gen konpetans limite nan lang anglè (LEP) epi ou mande asistans lengwistik.[52] Famasi fizik yo tankou famasi ki vann atravè lapòs yo dwe ba ou sèvis entèpretasyon oral ak tradiksyon ekri gratis ak konpetan lè y ap ba ou enfòmasyon sou medikaman sou preskripsyon oswa lè w ba yo enfòmasyon ki nesesè pou pwofil medikaman pasyan ou.[53] Famasi sa yo dwe bay tou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon gratis ak konpetan pou ede w konprann etikèt edikaman yo, etikèt avètisman yo, ak lòt dokiman ekri.[54]

Pwoteksyon kont diskriminasyon nan swen sante

Lwa kont diskriminasyon yo pwoteje dwa w genyen tou pou jwenn sèvis lengwistik lè w ap chèche swen medikal ak lòt sèvis ki mache avèk yo

Si ou gen konpetans limite nan lang anglè (LEP), si ou soud oswa si ou gen difikilte pou tande, **Lwa sou Swen Sante Abòdab** (ACA) la pwoteje ou kont diskriminasyon nan pwogram ak aktivite sante ki benefisye asistans finansye federal oswa yon ajans egzekitif federal ap administre.[55] Pwoteksyon sa a aplikab pou anpil lopital, klinik, ak kay retrèt, ansanm ak sèvis tankou Medicaid ak Medicare. Dapre politik ACA yo, pwogram ak aktivite sante sa yo dwe bay mwayen ak sèvis oksilyè gratis tou pou moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou tande.[56] Gen yon lòt lwa ki rele **Lwa sou Reyabilitasyon** (Rehabilitation Act) ki egzije tou pou founisè swen sante ki benefisye asistans finansye federal la bay mwayen ak sèvis oksilyè pou moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou tande.[57]

Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap la (ADA) enpoze menm egzijans yo sou tout etablisman ak founisè swen sante, kit yo piblik kit yo prive, epi kit yo benefisye asistans finansye federal oswa yo pa benefisye li.[58]

Lwa sou Dwa Moun nan Eta New York la egzije pou lopital ak klinik medikal nan Eta New York yo bay mwayen ak sèvis oksilyè pou pasyan ki soud epi ki gen difikilte pou tande.[59] **Lwa sou Dwa Moun nan Eta New York** la etabli menm egzijans sa a pou lopital ak klinik medikal nan Vil New York yo.[60]

Aksè lengwistik nan edikasyon

Lekòl piblik Vil New York yo dwe asire Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo (ELL),[61] sila ki soud yo, ak sila ki gen difikilte pou tande yo gen menm chans pou yo aprann epi patisipe nan aktivite lekòl yo. Si ou se yon paran ki gen LEP, ki soud, oswa ki gen difikilte pou tande, ou gen dwa tou pou w resevwa sèvis aksè lengwistik lè w ap kominike ak lekòl pitit ou a. Dwa sa yo pwoteje anba lalwa federal ak Eta a.

Pwoteksyon pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL)

Dapre lalwa federal ak Eta a, lekòl piblik yo dwe asire elèv ELL yo gen menm chans pou yo aprann epi jwenn aksè nan resous lekòl yo.

Pwoteksyon jiridik federal. Lwa federal sou Egalite Opòtinite nan Edikasyon (EEOA) egzije pou distri lekòl yo bay sipò ak sèvis lengwistik ki pèmèt elèv yo depase baryè lengwistik yo genyen yo.[62] Lekòl yo dwe asire yo tout pwogram edikasyon altènatif ki fèt pou elèv ELL yo ofri menm kalite chans pou yo aprann ak sa elèv ki pale anglè nan distri a jwenn.[63] Menm jan an tou, Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la entèdi lekòl yo fè diskriminasyon kont elèv ELL yo akoz orijin nasyonal yo lè yo ba yo yon edikasyon ki gen mwens kalite.[64]

Gen yon lòt lwa federal yo rele Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap (IDEA), ki bay pwoteksyon nan sèvis aksè lengwistik pou elèv ki gen andikap ak paran oswa gadyen legal yo, tankou sa ki annapre yo:

- Distri lekòl yo dwe evalye elèv yo pou detèmine si yo bezwen sèvis espesyal ak Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) nan lang ki pi byen adapte ak bezwen yo.[65]
- Ekip IEP yo dwe konsidere bezwen lang ak kominikasyon elèv yo nan pwogram edikasyon yo.[66]
- Lekòl ki resevwa asistans finansye federal pou elèv ki gen andikap yo dwe tradui dokiman ki gen rapò ak evalyasyon ak plasman elèv ki gen andikap yo nan lang prensipal paran yo, sof si li klèman enposib pou yo fè sa.[67]

Pwoteksyon jiridik Eta a. Lwa ak règleman Eta New York bay Elèv k ap Aprann Anglè yo (ELL) plis pwoteksyon toujou.

Nan Eta New York, distri lekòl yo dwe garanti elèv ELL yo menm chans pou yo jwenn aksè nan tout pwogram ak sèvis yo ofri.[68] Konstitisyon Eta New York la garanti tout timoun dwa pou yo jwenn yon edikasyon debaz ki solid, kèlkeswa baryè lengwistik yo ta genyen.[69] Anplis, plizyè lwa Eta a entèdi tout kalite diskriminasyon kont elèv yo ki baze sou andikap, orijin nasyonal yo, ras yo, oswa nenpòt lòt estati lalwa pwoteje.[70]

Gen lòt lwa ak politik nan nivo Eta a ki egzije pou distri lekòl yo bay **elèv ELL yo sèvis ak akomodasyon espesifik sa yo**:[71]

- Distri lekòl yo nan Eta New York dwe fè yon egzamen dyagnostik sou tout nouvo elèv yo pou idantifye elèv ELL yo.[72] Se yon moun ki ka kominike nan lang prensipal elèv la si yo pale yon lòt lang apa anglè lakay yo, ki dwe fè egzamen sa a.[73]
- Pou elèv yo idantifye kòm ELL, distri yo dwe ofri pwogram ansèyman bileng oswa pwogram Anglè kòm yon Nouvo Lang (yo te konn rele anvan "Anglè kòm yon Dezyèm Lang," oswa "ESL") ki satisfè estanda ak egzijans enpòtan Eta a.[74] Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo nan *Gid pou Paran Elèv ELL yo nan Eta New York* (https://www.nysed.gov/bilingual-ed/guide-parents-english-language-learners-and-multilingual-learners-new-york-state), ki soti nan Depatman Edikasyon Eta New York la, ki disponib nan 26 lang.

Lekòl Endepandan yo (Charter schools) dwe konfòme yo avèk tout egzijans federal ak egzijans Eta a konsènan jan yo idantifye ak jan yo evalye elèv ELL yo. Yo dwe ofri tou pwogram ansèyman bileng oswa Anglè kòm yon Nouvo Lang ki satisfè menm estanda Eta a ak sa ki aplikab nan lekòl piblik yo, oswa yo dwe bay "yon pwogram edikasyon altènatif pou ansèyman lang ki baze sou rechèch syantifik epi òganizasyon ki te agreye lekòl endepandan an apwouve."[75]

Elèv ELL nan **lekòl piblik Vil New York** yo resevwa pwoteksyon jiridik adisyonèl. Dapre yon kalite akò tribinal ap kontwole, yo rele "Dekrè Konsantman" (Consent Decree), sistèm lekòl piblik vil la gen obligasyon pou li etabli yon metòd pou idantifye elèv ELL yo epi yon sistèm sèvis lengwistik k ap garanti elèv sa yo yon edikasyon bileng ki kòrèk.[76]

Pwoteksyon pou elèv ki soud oswa ki gen difikilte pou tande

Pwoteksyon jiridik federal. Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo (IDEA) oblije lekòl piblik yo pou yo bay elèv ki soud ak sa ki gen difikilte pou tande yo, depi nan prensipal rive nan tèminal, sèvis assistans ki pèmèt yo pwogrese nan etid yo yon fason ki apwopriye ak laj yo epi ak kapasite yo.[77]

Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la (ADA) ak Lwa sou Reyabilitasyon an bay elèv ki soud oswa ki gen difikilte pou tande yo pwoteksyon ki ka ale pi lwen pase sa IDEA bay yo.[78] Pou egzanp, ADA egzije pou lekòl yo bay akomodasyon ki garanti kominikasyon avèk elèv ki soud ak sa ki gen difikilte pou tande yo efikas menm jan ak kominikasyon avèk elèv ki tande nòmal yo.[79] ADA egzije tou pou lekòl yo bay preferans elèv ki soud oswa ki gen difikilte pou tande yo priyorite pou kalite mwayen ak sèvis oksilyè yo resevwa.[80]

Akomodasyon lekòl yo dwe bay dapre lwa sa yo depann sou bezwen chak elèv. Yo ka gen ladan yo, jan sa apwopriye, terapi lapawòl,[81] sèvis transkripsyon mo pou mo,[82] pran nòt pou elèv la, plas espesyal pou l chita, yon sistèm modilasyon frekans (FM), oswa yon pwofesè ki resevwa fòmasyon espesyal pou elèv ki soud oswa ki gen difikilte pou tande.[83]

Pwoteksyon ADA yo aplikab nan lekòl piblik kou lekòl prive.[84] Pwoteksyon Lwa sou Reyabilitasyon yo aplikab nan lekòl piblik ak lekòl prive ki resevwa asistans finansye federal.[85] ADA ak Lwa Reyabilitasyon an aplike pou kolèj ak inivèsite yo.[86]

Pwoteksyon jiridik Eta a. Lalwa Eta New York entèdi diskriminasyon kont elèv ki soud ak sa ki gen pwoblèm tande.[87]

Pwoteksyon pou paran ak gadyen legal yo

Dapre lalwa federal ak Eta yo, lekòl yo dwe bay sèvis aksè lengwistik ki pèmèt **paran ki gen LEP, sa ki soud, ak sa ki gen pwoblèm tande yo** patisipe efektivman nan edikasyon pitit yo. Lekòl yo dwe bay **paran ki gen LEP** yo yon sipò espesyal tou. Pwoteksyon sa yo aplike tou pou gadyen legal, paran bòpè/bèlmè, ak tout lòt granmoun ki gen gad yon elèvt.

Pwoteksyon jiridik federal. Lwa federal kont diskriminasyon yo egzije pou lekòl piblik yo bay paran elèv ki gen LEP yo, sa ki soud, ak sa ki gen difikilte pou tande yo, mwayen ak sèvis oksilyè nan sèten sikonstans. Pou egzanp, lekòl yo dwe bay paran ki soud oswa ki gen difikilte pou tande yo entèprèt nan Lang Siy Ameriken (ASL) nan aktivite lekòl la ap òganize ki gen rapò ak edikasyon pitit yo, tankou reyinyon paran ak pwofesè.[88] Lekòl yo dwe bay akomodasyon tou ki pèmèt paran elèv ki gen andikap yo (si paran gen yon Konpetans Limite nan Lang Anglè, soud, oswa gen difikilte pou tande) patisipe efektivman nan planifikasyon ak nan pran desizyon ki konsène Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) pitit yo.[89]

Pwoteksyon jiridik Eta a. Tout distri lekòl nan Eta New York dwe bay paran elèv ELL yo enfòmasyon ki apwopriye pou yo ka sipòte edikasyon pitit yo. Chak distri dwe ofri paran sa yo yon seyans oryantasyon bon kalite ki bay enfòmasyon enpòtan sou chwa pwogram edikatif ki genyen pou pitit yo, sou nòm Eta a ki konsène yo, ak sou evalyasyon k ap fèt chak ane yo.[90]

Omwen yon fwa chak ane, distri lekòl yo dwe rankontre ak chak paran ki gen yon elèv ELL pou yo egzamine pwogrè timoun nan nan lang lan ak objektif pwogram li a.[91]Distri yo dwe òganize reyinyon sa yo apa, sa vle di yo pa dwe melanje yo ak lòt reyinyon tout paran yo konn fè, tankou reyinyon paran-pwofesè oswa reyinyon sou nòt timoun nan chak trimès.[92] Pou reyinyon sa yo, distri yo dwe bay paran ki gen LEP a yon entèprèt ki kalifye nan lang oswa oswa mòd kominikasyon paran yo konprann pi byen.[93]

Gen pwoteksyon espesyal ki aplike pou **disiplin nan lekòl la**.

Lè yon lekòl gen plan pou sispann yon elèv (ranvwaye li pou yon ti tan) pou yon peryòd ki rive jiska senk (5) jou:

- Lekòl la dwe notifye paran elèv la imedyatman alekri, nan lang prensipal paran yo oswa mòd kominikasyon paran yo konprann pi byen an.[94]

- Notifikasyon an dwe bay yon deskripsyon sou ensidan an epi enfòme paran yo sou dwa yo genyen pou yo mande yon reyinyon enfòmèl imedyatman avèk direktè lekòl la pou yo ka konteste desizyon sispansyon an.[95]
- Si gen yon reyinyon enfòmèl ki fèt, li dwe fèt nan lang prensipal paran yo oswa mòd kominikasyon paran yo konprann pi byen an .[96]

Si yon sispansyon dire plis pase senk jou, elèv la gen dwa nan yon odyans ekitab.[97] Nan odyans sa yo, elèv yo gen dwa pou yon avoka reprezante yo, pou prezante epi poze temwen kesyon, epi pou soumèt prèv.[98] Elèv ELL ak paran ki gen LEP yo kapab mande lekòl la pou l bay yon entèprèt pou odyans sa yo.[99]

Si ou se paran yon elèv nan **Lekòl Piblik Vil New York yo (NYCPS)**,ou gen dwa pou w resevwa sèvis tradiksyon ak entèpretasyon si ou mande asistans lengwistik pou w kominike ak anplwaye NYCPS yo.[100] Y100 Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dwa w genyen pou w jwenn sèvis aksè lengwistik lè w ap kominike ak anplwaye NYCPS yo sou sit Enènèt NYCPS la (https://www.schools.nyc.gov/school-life/school-environment/hello) ak nan Dokiman sou Dwa Paran yo (Parents' Bill of Rights) (https://www.schools.nyc.gov/school-life/know-your-rights/parents-bill-of-rights).

Aksè lengwistik nan kad aplikasyon lalwa (zafè lapolis)

Dwa w genyen pou w resevwa sèvis aksè lengwistik lè w ap fè fas ak lapolis depann sou ajans w ap fè fas ak li a.

Lapolis Eta New York

Menm jan ak tout lòt ajans piblik ki anba Lwa sou Aksè Lengwistik Eta New York la, Lapolis Eta a dwe bay sèvis entèpretasyon nan nenpòt lang ou pale.[101] Yo dwe tradui tou dokiman esansyèl ajans lan nan 12 lang ki pa Anglè ki pi komen moun New Yorkki gen LEP yo pale.[102]

Anplis, ajan ak lòt anplwaye Lapolis Eta a dwe ba ou sèvis entèpretasyon gratis pandan apèl telefonik ak randevou ki planifye alavans yo.[103] Yo dwe ba ou sèvis entèpretasyon gratis tou pandan rankont an pèsòn sou teren an oswa nan biwo lapolis yo,[104] sof si rankont lan fèt nan yon sitiyasyon ijans oswa nan yon ka arestasyon kote tan enpòtan.[105] Lapolis Eta a dwe ofri w sèvis entèpretasyon nan sèten ka arestasyon kote tan an mwens limite.[106]

Depatman Lapolis Vil New York (NYPD).

Dapre lalwa Vil New York, NYPD gen obligasyon pou li bay sèvis aksè lengwistik , sa gen ladan li:

- sèvis entèpretasyon gratis
- tradiksyon dokiman NYPD distribye pi souvan yo
- mete afich nan espas piblik yo (tankou sal datant) pou fè konnen sèvis aksè lengwistik gratis disponib [107]

Si ou bezwen sèvis entèpretasyon, NYPD dwe jeneralman bay yon entèprèt NYPD sètifye oswa sèvi ak Sèvis Liy Lengwistik li a (Language Line Service).[108] Sepandan, politik NYPD pèmèt ofisye yo itilize “manm kominote a ki bileng epi ki adilt pou ede nan bay sèvis imedya pou moun ki gen LEP pou detèmine si yon krim te komèt, pou bay oswa jwenn tretman medikal, oswa pou arete moun ki komèt yon krim.”[109] Men, yo pa ta dwe janm itilize timoun kòm entèprèt pou okenn kalite ensidan lapolis.[110]

Vyolans domestik

Nenpòt kote nan Eta New York, si ou se yon sivivan oswa viktim yon ofans familyal (tankou asèlman, menas, pèsekisyon, oswa abi seksyèl), nenpòt ajan fòs lòd oswa pwokirè k ap ankete sou ensidan an dwe ba ou yon avi alekri sou dwa legal ou yo nan lang Anglè, Panyòl, Chinwa, oswa Ris ki senp. Avi sa a dwe gen ladan, pami lòt bagay:

- nimewo Liy Dirèk pou Vyolans Domestik ak Seksyèl Eta New York la, ki disponib 24 sou 24, ki ka bay enfòmasyon nan plizyè lang (**rele 800-942-6906 oswa voye yon mesaj tèks nan 844-997-2121**)
- enstriksyon pou moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou tande pou yo rele 711 [111]

Si ou se yon sivivan oswa yon viktim vyolans domestik, ou ka jwenn plis resous pou jwenn asistans ak sipò sou sit entènèt Biwo Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la (https://opdv.ny.gov/survivors-victims).

Sèvis Federal Imigrasyon ak Ladwàn (ICE)

Si ajan ICE yo vin lakay ou oswa kanpe w pou kesyone w, ou gen dwa rete an silans. Ou gen dwa tou pou w refize siyen nenpòt dokiman ou pa ka li. Nan akò ak politik ICE yo, etablisman ICE yo dwe bay moun ki nan prizon ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè, moun ki soud, ak moun ki gen difikilte pou tande asistans kominikasyon, tankou mwayen ak sèvis oksilyè, entèprèt, ak sèvis tradiksyon.[112] Sepandan, se sèlman ICE ki ka aplike politik sa a epi li ka chanje.

Dwa aksè lengwistik pou moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou tande anba lalwa federal

Si ou soud oswa ou gen difikilte pou w tande, ou gen dwa pou w resevwa sèvis aksè lengwistik anba lalwa federal lè w annafè ak ajans k ap aplike lalwa.

Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (ADA) aplikab nan rankont ou genyen ak fòs lòd Eta a ak fòs lòd lokal yo, sa ki gen ladan arestasyon ak entèwogatwa ajans aplikasyon lalwa Eta a, konte, ak minisipal yo ap fè.[113] Ajans sa yo enkli Lapolis Eta a, cherif konte yo, depatman lapolis vil yo, ak lòt depatman lapolis lokal yo. Anba ADA, ajan fòs lòd yo dwe bay moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou di **akomodasyon ki rezonab** pou gen yon kominikasyon efikas, tankou entèprèt oswa mwayen oksilyè.[114] Ajan yo dwe bay yon akomodasyon rezonab lè w mande sa oswa lè gen yon bezwen evidan pou sa.[115] Sepandan, si yon akomodasyon espesifik rezonab oswa non, sa depann sou sikonstans rankont lan. Anplis, ajan yo ka pa kapab bay okenn akomodasyon nan yon ka ijans, oswa si lè yo bay akomodasyon an, sa ta ka mete sekirite yo oswa sekirite lòt moun an danje, ta ka pèmèt destriksyon prèv, oswa ta ka konpwomèt efò lejitim fòs lòd yo.[116]

Lwa sou Reyabilitasyon an (Rehabilitation Act) bay pwoteksyon menm jan an nan rankont ou genyen ak ajans egzekitif federal yo, tankou ICE.[117] Lwa sa a aplikab tou pou ajans fòs lòd Eta a, konte yo, ak lokal ki resevwa finansman nan men gouvènman federal la.[118]

Pwoteksyon Konstitisyonèl

Konstitisyon Etazini an bay kèk pwoteksyon limite pou aksè lengwistik nan kad ankèt kriminèl ajan fòs lòd Eta a ak federal yo ap mennen. Si ajan yo pa ba ou yon avètisman “Miranda” ou ka konprann, yo ka jije nenpòt deklarasyon enkriminan ou fè inadmisib kòm prèv kilpabilite kont ou nan yon pwosè kriminèl.[119] Menm jan an tou, si ajan yo mande w konsantman volontè pou yo fouye rad ou, machin ou, kay ou, oswa nenpòt lòt byen ou genyen, ou dwe kapab konprann demann yo a.[120] Si ou pa konprann demann lan men ajan yo fè fouy la kanmenm, avoka w la ka konteste kapasite pwokirè a pou l sèvi ak nenpòt bagay ajan yo ta jwenn pandan fouy la kòm prèv yon krim.[121]

Aksè lengwistik pou vote

Si ou gen konpetans limite nan lang anglè (LEP), si ou soud, oswa si ou gen difikilte pou w tande, ou gen dwa pou jwenn asistans gratis pou aksè lengwistik lè w ap vote nan New York.

Lwa Federal sou Dwa pou Vote (VRA)

Lwa Federal sou Dwa pou Vote (VRA) entèdi pratik oswa pwosedi vòt ki fè diskriminasyon kont moun ki soud oswa ki gen difkilte pou tande, oswa moun ki fè pati gwoup minorite lengwistik yo.[122] VRA defini manm gwoup minorite lengwistik yo kòm "moun ki se Endyen Ameriken, Azyatik Ameriken, Natif Alaska, oswa moun ki gen eritaj Panyòl."[123] Anplis, lalwa federal la egzije pou materyèl elektoral yo ak sistèm vòt yo aksesib pou manm gwoup minorite lang ki gen yon konpetans limite nan lang Anglè.[124]

Si ou se yon moun ki gen LEP, ki soud, oswa ki gen difikilte pou tande, VRA pèmèt ou mennen yon moun ou chwazi pou ede w vote, depi moun sa a pa patwon ou (anplwayè w) oswa yon reprezantan sendikaw.[125]

Anba lwa VRA a, gen kèk konte nan Eta New York ki gen obligasyon bay asistans lengwistik siplemantè nan lang espesifik gwoup minorite yo.[126] Asistans obligatwa sa a gen ladan li tradiksyon materyèl vòt yo, tankou bilten vòt, fòmilè enskripsyon elektè, avi pou vote, enstriksyon, asistans, avèk lòt materyèl ak enfòmasyon ki gen rapò ak eleksyon yo.[127] Konte New York sa yo dwe bay manm gwoup minorite lengwistik ki nan lis la anba a asistans aksè lengwistik:

- Konte Bronx: Ispanik
- Konte Kings: Ispanik ak Chinwa, enkli Taywanè
- Konte Monroe: Ispanik
- Konte Nassau: Ispanik
- Konte New York: Ispanik ak Chinwa, enkli Taywanè
- Konte Queens: Ispanik; Endyen Azyatik, ki gen ladan Sikh; Bangladèch; Chinwa, ki gen ladan Taywanè; ak Koreyen
- Konte Suffolk: Ispanik
- Konte Westchester: Ispanik [128]

Lwa sou Dwa pou Vote nan Eta New York (NYVRA).

Eta New York gen pwòp Lwa li sou Dwa pou Vote, ki egzije sipò siplemantè pou elektè ki gen LEP nan biwo vòt lokal yo. NYVRA mande jiridiksyon lokal yo (pou egzanp: konte, vil, gwo bouk, vilaj, ak distri lekòl) ak komisyon elektoral yo pou yo bay materyèl elektoral nan lòt lang ki pa Anglè si sèten kondisyon ranpli. Kondisyon sa yo gen ladan yo omwen youn nan pwen ki annapre yo:

- Plis pase de pousan (2%) nan sitwayen ki gen laj pou vote nan yon jiridiksyon lokal se manm ki gen LEP nan yon sèl gwoup minorite lengwistik.[129] TFòk gen 300 oswa plis sitwayen konsa nan jiridiksyon lokal la.[130]
- Plis pase 4,000 sitwayen ki gen laj pou vote nan yon jiridiksyon lokal se manm ki gen LEP nan yon sèl gwoup minorite lengwistik.[131]

Si youn nan kondisyon sa yo ranpli, jiridiksyon lokal la oswa komisyon elektoral la dwe bay sipò pou aksè lengwistik nan lang lan oswa lang yo ki pa anglè ki apwopriye yo:

- bilten vòt
- avi enskripsyon oswa avi vòt
- fòmilè ak enstriksyon
- asistans pou vote
- lòt materyèl oswa enfòmasyon ki gen rapò ak eleksyon [132]

Komisyon Elektoral Eta New York la pibliye lis jiridiksyon lokal ki dwe bay elektè yo asistans lengwistik. Ou ka jwenn lis sa yo, ansanm ak plis enfòmasyon sou NYVRA a, sou sit entènèt Komisyon Elektoral Eta New York la (https://elections.ny.gov/john-r-lewis-voting-rights-act-new-york).

Pwoteksyon nan Eta New York

Gen yon gwo rezo lwa nan nivo lokal ak Eta a, dekrè, ak politik ki pwoteje dwa ou pou resevwa aksè lengwistik nan Eta New York. Kèk nan lwa sa yo **entèdi diskriminasyon** ki baze sou lang ou pale oswa kapasite w pou w tande. Gen lòt lwa ki egzije ajans gouvènmantal yo, founisè swen sante yo, famasi yo, tribinal yo, biwo vòt yo, patwon yo, ak anpil lòt sèvis ak aktivite pou yo pran **mezi aktif** pou ba ou akomodasyon, èd, ak sèvis pou aksè lengwistik.

Lwa ki entèdi diskriminasyon

Lwa kont diskriminasyon nan nivo lokal ak Eta a entèdi de kalite diskriminasyon prensipal ki gen rapò ak aksè lengwistik:

- Diskriminasyon kont moun ki pa ka pale anglè byen kapab konsidere kòm diskriminasyon sou baz orijin nasyonal si li motive pa prejije kont moun ki gen yon nasyonalite espesifik.[133]
- Refize bay akomodasyon rezonab oswa refize bay moun ki soud oswa moun gen difikilte pou tande sèvis kapab pase pou diskriminasyon sou baz andikap.[134]

Lwa sou Dwa Moun nan Eta New (https://dhr.ny.gov/new-york-state-human-rights-law?page=0) entèdi de kalite diskriminasyon sa yo, ansanm ak diskriminasyon ki baze sou ras, sitwayènte, estati imigrasyon, sèks, oryantasyon seksyèl, ak plizyè lòt estati lalwa pwoteje. Pwoteksyon kont diskriminasyon sa yo aplikab nan plizyè sitiyasyon:

- travay
- edikasyon
- lojman
- kote ki louvri pou piblik la (public accommodation), tankou klinik sante ak lopital, magazen, restoran, otèl, sinema, gadri (daycare), ak batiman piblik [135]

Lwa sou **Dwa Sivil yo nan New York** (New York Civil Rights Law) kapab pwoteje dwa w tou pou aksè lengwistik nan kèk sitiyasyon. Lwa sou Dwa Sivil yo rann li ilegal pou nenpòt moun, biznis, patwon, ajans Eta a, oswa gouvènman lokal vyole dwa sivil ou.[136] Dwa sa yo gen ladan yo opòtinite pou moun travay, jwenn edikasyon, lojman, epi aksè nan magazen, biznis, founisè transpò, ajans gouvènmantal, ak lòt kote ki louvri pou piblik la san yo pa sibi diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal oswa andikap.[137]

Nan nivo lokal, plizyè vil nan Eta New York ofri pwoteksyon ki sanble ak sa yo. Lwa sou **Dwa Moun nan Vil New York** entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap ak orijin nasyonal nan travay, lojman, pratik prete lajan, ak akomodasyon piblik.[138] Lòt vil, tankou Buffalo, Rochester, ak Albany, gen pwòplwa pa yo kont diskriminasyon ki baze sou andikap oswa orijin nasyonal.[139]

Aksè Lengwistik nan Eta New York

Lwa sou Aksè Lengwistik nan Eta New York. Anba Lwa sou Aksè Lengwistik nan Eta New York (https://ogs.ny.gov/new-york-state-language-access-law), ajans Eta a ki bay piblik la sèvis oswa benefis dwe rann sèvis yo aksesib pou moun ki gen LEP yo.[140] Ajans sa yo dwe, pami lòt bagay, tradui tout dokiman esansyèl yo nan 12 lang ki pi komen moun ki gen LEP yo nan New York pale:[141] Panyòl, Chinwa, Ris, Yidich, Bengali, Koreyen, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Arab, Polonè, Fransè, ak Ourdou.[142]

Dokiman esansyèl yo se dokiman sou papye oswa sou fòma dijital ki gen enfòmasyon ki nesesè pou w ka jwenn sèvis oswa benefis nan men yon ajans, ansanm ak dokiman lalwa egzije pou w ranpli.[143] Ajans sa yo dwe bay tou sèvis entèpretasyon gratis nan lang prensipal ou, menm si lang sa a pa fè pati 12 lang ki pi komen yo.[144] Ou ka aprann plis sou Lwa sou Aksè Lengwistik la nan seksyon “Aksè nan sèvis entèpretasyon ak tradiksyon” ki nan gid sa a.

Lwa sou Aksè Lengwistik Eta a pa aplike dirèkteman pou ajans federal, ajans konte yo, oswa ajans vil yo. Sepandan, gen kèk konte ak vil ki adopte Lwa sou Aksè Lengwistik la oswa ki pase pwòp lwa ak dekrè pa yo sou aksè lengwistik.

Ou ka jwenn resous itil sou aksè lengwistik sou sit entènèt Biwo Eta New York pou Aksè Lengwistik (https://ogs.ny.gov/language-access-resources), sa gen ladan:

- yon bwochi sou dwa nan aksè lengwistik
  - https://ogs.ny.gov/know-your-rights#:~:text=Download%20the%20Your%20Language%20Access%20Rights%20Brochure
- yon kat "I Speak"
  - https://ogs.ny.gov/system/files/documents/2025/02/2025-ola-ispeak-card-web.pdf
- fòmilè ak dokiman ki tradui
  - https://ogs.ny.gov/translated-documents
- pi bon fason pou w fè pwojè entèpretasyon ak pwojè tradiksyon ASL
  - https://ogs.ny.gov/system/files/documents/2025/01/best-practices-for-working-with-an-asl-interpreter.pdf
  - https://ogs.ny.gov/system/files/documents/2024/09/10-best-practices-for-translation-projects.pdf

Anplis, gen kèk ajans Eta a ak ajans lokal ki gen biwo ki bay lis resous epi ki kowòdone sèvis aksesibilite pou moun k ap viv nan Eta New York ki soud oswa ki gen difikilte pou tande. Kèk nan biwo sa yo se:

- Biwo Eta New York pou Moun ki Soud, ki Avèg, ak Moun ki gen Difikilte pou Tande
  - https://www.ny.gov/programs/new-york-state-deaf-deafblind-and-hard-hearing-office
- Biwo Majistra Vil New York la pou Moun ki gen Andikap
  - https://www.nyc.gov/site/mopd/resources/resources.page
- Biwo Konte Westchester pou Moun ki gen Andikap
  - https://disabled.westchestergov.com
- Biwo Konte Suffolk pou Moun ki gen Andikap
  - https://www.suffolkcountyny.gov/Elected-Officials/County-Executive/People-With-Disabilities
- Biwo Konte Nassau pou Moun ki gen Andika Fizik
  - https://www.nassaucountyny.gov/3295/For-Disabled-Residents

Gen kèk lwa nan Eta New York ki pwoteje dwa aksè lengwistik ou **nan pwogram, sèvis, ak aktivite espesifik.** Yo gen ladan yo:

- **Vòt ak Eleksyon.** Lwa John R. Lewis sou Dwa pou Vote nan Eta New York (NYVRA) (https://ag.ny.gov/resources/organizations/new-york-voting-rights-act) egzije komisyon elektoral yo ak jiridiksyon lokal yo, tankou konte, vil, gwo bouk, vilaj, ak distri lekòl yo, pou yo bay materyèl elektoral yo nan lòt lang ki pa Anglè nan sèten sikonstans.[145] Ou ka aprann plis sou NYVRA a nan seksyon "Aksè lengwistik pou vote" nan gid sa a.
- **Pwosedi Jidisyè.** Ou gen dwa pou w genyen yon entèprèt gratis si ou se yon pati nan yon dosye (pou egzanp, yon moun k ap pote plent, yon akize, moun ki fè yon demann, oswa yon entime), oswa si ou se yon temwen nan yon pwosedi sivil oswa kriminèl nan tribinal Eta a, oswa si ou se yon paran oswa yon gadyen ki konsène nan yon pwosedi nan Tribinal Fanmi (Family Court).[146] Sistèm tribinal Eta New York la bay sèvis entèpretasyon gratis tou si w ap itilize sèvis ki pa anndan sal tribinal la men tribinal Eta a bay.[147] Gen lòt lwa Eta a ki mande pou tribinal yo tradui dokiman esansyèl yo, sa ki enkli òdonans restriksyon—yo rele souvan "restraining orders"—yo emèt pandan divòs, gad timoun, pansyon alimantè, ak lòt pwosedi nan Tribinal Fanmi.[148]
- **Swen Sante.** Dapre Deklarasyon Dwa Pasyan Entène yo, ou dwe resevwa enfòmasyon konplè konsènan dyagnostik ou ak tout enfòmasyon ou bezwen pou w bay konsantman ou pou nenpòt tretman ou resevwa nan yon lopital.[149] Sa vle di, si ou se yon pasyan ki gen konpetans limite nan lang Anglè (LEP), si ou soud, oswa si ou gen difikilte pou w tande, lopital yo dwe bay yon entèprèt ki kalifye pou ede w konprann enfòmasyon sa yo.[150] 150 Lopital yo dwe elabore tou yon pwogram asistans lengwistik, adopte politik pou idantifye pasyan ki bezwen asistans lengwistik, epi prepare dokiman ki rezime fason pou moun jwenn aksè lengwistik gratis.[151]

  Chèn famasi yo dwe bay pasyan ki gen konpetans limite nan lang Anglè (LEP) sèvis entèpretasyon oral ak tradiksyon pou etikèt medikaman ak lòt dokiman ekri.[152]
- **Anplwa.** . Si ou se yon nouvo anplwaye, patwon ou dwe ba ou enfòmasyon sou fason yo peye w nan lang prensipal ou.[153] Si ou blese nan travay la epi w ap chèche enfòmasyon, sèvis, oswa benefis nan men Komisyon Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Board) Eta a, yo dwe ba ou tradiksyon pou dokiman esansyèl yo ak sèvis entèpretasyon.[154] Anplis, dapre Lwa sou Dwa Moun nan Eta a, li ilegal pou yon patwon fè diskriminasyon kont ou antanke anplwaye oswa kandida pou yon travay poutèt yon andikap oswa orijin nasyonal ou, ansanm ak lòt estati lalwa pwoteje.[155]

- **Edikasyon.** Ou menm ak fanmi w gen dwa aksè lengwistik nan lekòl yo. Distri **lekòl piblik yo** dwe bay akomodasyon ak sèvis espesifik pou elèv k ap aprann lang Anglè (ELL). Akomodasyon ak sèvis sa yo gen ladan yo pwogram ki bay edikasyon bileng oswa ansèyman nan lang Anglè kòm yon nouvo lang.[156] Anplis, si ou se paran yon elèv ELL, lekòl piblik la dwe rankontre avè w epi ba ou enfòmasyon enpòtan nan lang prensipal ou oswa nan fason w kominike a.[157] **Lekòl Endepandan** (Charter schools) yo dwe bay elèv ELL yo sèvis ki sanble ak sa lekòl piblik yo bay yo.[158]

  Lwa antidiskriminasyon Eta a pwoteje dwa aksè lengwistik ou **nan lekòl piblik tankou nan lekòl prive**. Lwa sa yo mande pou lekòl yo fè akomodasyon rezonab pou elèv ki soud oswa ki gen difikilte pou tande, epi yo entèdi diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal ou, ansanm ak lòt estati lalwa pwoteje.[159]

  Ou ka aprann plis sou pwoteksyon dwa aksè lengwistik pou elèv ak paran yo nan seksyon "Aksè lengwistik nan edikasyon" nan gid sa a.

Sa yo se sèlman kèk nan pwogram, sèvis, ak aktivite ki dwe ba ou sèvis ak akomodasyon pou aksè lengwistik dapre lalwa Eta New York la. Gen lòt lwa ki egzije tradiksyon dokiman ak enfòmasyon enpòtan, tankou:

- enfòmasyon ki gen rapò ak prè ipotèk ak sezi imobilye [160]
- kondisyon itilizasyon platfòm rezo sosyal yo [161]
- tretman ijans pou viktim vyòl [162]
- kontra pou sèvis asistans nan imigrasyon [163]

Ansanm, lwa sa yo ak lòt lwa Eta a garanti dwa ak resous solid pou aksè lengwistik gouvènman federal la pa ka retire oswa afebli.

Dekrè ak politik federal yo

Dekrè ak politik federal yo pa afekte dwa aksè lengwistik nan Eta New York **dapre lwa Eta a ak lwa lokal yo**.[164] Anplis, **lwa federal yo** kontinye ba ou, ansanm ak plizyè milyon moun New York ak vizitè ki gen LEP, moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou tande, pwoteksyon fondamantal enpòtan. Se sèl Kongrè a ki gen pouvwa pou l chanje lwa federal yo, se pa ni prezidan an, ni ajans federal yo.

Ki pouvwa prezidan an genyen?

Dapre Konstitisyon Etazini an, se Kongrè a ki responsab pou fè lwa, epi prezidan an responsab pou asire lwa sa yo "egzekite fidèlman," oswa pou yo aplike yon fason ki kòrèk.[165] Youn nan fason prezidan yo ka sèvi ak pouvwa sa a se lè yo pibliye direktiv alekri yo rele **dekrè prezidansyèl** (executive orders) ki di ajans federal yo ak lòt moun kòman pou yo entèprete epi aplike lwa federal yo atravè politik ak lòt aksyon.

Dekrè ak politik federal yo

Nan dat 1ye Mas 2025, prezidan an te siyen yon dekrè ki te deziyen Anglè kòm lang ofisyèl Etazini. Dekrè sa a te anile tou yon dekrè egzekitif ki te bay ajans yo lòd pou yo amelyore sèvis aksè lengwistik yo.[166] Apre dekrè Mas 2025 la, Depatman Jistis Etazini (DOJ) te mande ajans federal yo pou yo pran divès mezi pou yo aplike dekrè prezidan an.[167] 167 Mezi sa yo gen ladan yo: bay sèvis nan lang anglè sèlman lè lalwa pèmèt sa, epi diminye depans yo lè yo itilize entèlijans atifisyèl (IA) ak tradiksyon otomatik lè y ap bay aksè lengwistik.

Chanjman politik sa yo ka afekte aksè lengwistik nan plizyè fason enpòtan. Li posib pou ajans federal yo redui efò y ap fè pou bay moun ki gen LEP yo sèvis aksè lengwistik nan pwogram y ap ofri yo. Ogmantasyon depandans ajans yo sou IA ak tradiksyon otomatik ka gen yon enpak negatif sou presizyon sèvis aksè lengwistik yo kontinye bay yo. Anplis, ajans federal ki te konn fè respekte lwa ak politik sou aksè lengwistik yo ka diminye, oswa sispann nèt, efò y ap fè pou pwoteje dwa sa yo.[168] Sa yo se sèlman kèk nan fason aksyon federal yo ka afekte dwa aksè lengwistik ou, epi gid sa a pa eseye site tout.

Menm si chanjman sa yo enpòtan anpil, ou toujou gen dwa aksè lengwistik solid nan Eta New York dapre lwa federal yo, lwa Eta a, ak lwa lokal yo. Ou ka aprann plis sou dwa sa yo nan lòt seksyon ki nan gid sa a.

Ki pwoteksyon pou aksè lengwistik lalwa federal kontinye garanti?

Lwa federal yo kontinye bay dwa ak pwoteksyon enpòtan pou moun ki gen LEP yo, ki soud ak ki gen difikilte pou tande nan tout peyi a, dwa ak pwoteksyon ki enpòtan anpil. Se sèl Kongrè a ki ka chanje oswa anile lwa sa yo—se pa ni prezidan an, ni okenn ajans federal ki ka fè sa.[169]

Lalwa federal garanti dwa ak egzijans konsènan aksè lengwistik nan yon plizyè sèvis ak enstitisyon. Antrepriz yo, anplwayè yo, ajans yo ak lòt enstitisyon yo dwe kontinye respekte lwa federal ki aplikab pou yo. Pou egzanp, dapre Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (ADA), anplwayè yo, ajans gouvènmantal yo, founisè sèvis transpò yo, etablisman medikal yo ak lòt antrepriz ak sèvis ki ouvè pou piblik la dwe bay moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande yo mwayen ak sèvis oksilyè.[170]

Dapre lòt lwa federal, tout enstitisyon ki resevwa asistans finansye federal dwe bay sèten sèvis aksè lengwistik.[171] Asistans finansye federal la ka fèt sou plizyè fòm, tankou sibvansyon, fòmasyon, prè ekipman, ak lòt kalite asistans. Enstitisyon ki resevwa asistans sa a enkli:

- lekòl piblik
- lopital
- mezon retrèt
- inivèsite ak kolèj
- pwogram pou fanmi ak timoun
- kontraktè ak sou-kontraktè piblik kou prive
- ajans eta yo, konte yo, ak lokal yo

Anplis, gen plizyè dizèn lwa federal ki mande akomodasyon pou moun ki gen LEP yo, moun ki soud, ak moun ki gen difikilte pou tande yo nan sitiyasyon byen presi. Men kèk egzanp:

- **Edikasyon.** Dapre Lwa sou Egalite Opòtinite nan Edikasyon (EEOA), lekòl piblik yo dwe bay opòtinite edikasyon egal pou elèv k ap aprann lang anglè (ELL).[172] Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap (IDEA) yo mande pou distri lekòl yo bay sèvis asistans ki pèmèt elèv ki soud oswa ki gen difikilte pou tande yo fè pwogrè ki apwopriye nan lekòl yo .[173] Gen lòt lwa ki egzije pou gouvènman federal la mete resous pou edikasyon bileng ak lòt sèvis pou timoun ELL yo.[174] Ou ka aprann plis sou aksè lengwistik ki gen rapò ak edikasyon nan seksyon "Aksè lengwistik nan edikasyon" nan gid sa a.
- **Vòt.** Lwa sou Dwa pou Moun Vote a entèdi pratik ak pwosedi elektoral ki gen diskriminasyon kont moun ki fè pati gwoup lengwistik minoritè yo.[175] Lwa a defini moun sa yo kòm "Endyen Ameriken, Ameriken Azyatik, Natif Alaska, oswa moun ki gen orijin Panyòl."[176] Anplis, lwa a otorize elektè ki gen LEP yo, moun ki soud, ak moun ki gen difikilte pou tande yo pou yo mennen yon moun yo chwazi pou ede yo vote.[177]
- **Swen Sante.** Lwa sou Swen Sante Abòdab la (ACA) entèdi pwogram ak aktivite sante ki resevwa asistans finansye federal pou yo fè diskriminasyon ki baze sou andikap oswa orijin nasyonal.[178] Nan sèten kondisyon, diskriminasyon ki baze sou lang ka konsidere kòm yon fòm diskriminasyon sou baz orijin nasyonal.[179] Menm jan ak ACA, Lwa sou Reyabilitasyon (Rehabilitation Act) mande pou founisè swen sante ki resevwa asistans finansye federal bay moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande yo mwayen ak sèvis oksilyè.[180] ADA enpoze menm egzijans sa yo sou tout founisè swen sante, kit yo prive kit yo piblik.[181] Ou ka aprann plis sou Aksè Lengwistik nan domèn swen sante nan seksyon "Aksè lengwistik nan edikasyon" nan gid sa a.
- **Ojman.** Wa sou ojman kitab la (FHA) entèdi tout kalite diskriminasyon kont moun , moun ki soud, ak moun ki gen di ikilte pou tande nan kad lavant, lokasyon, oswa inansman yon lojman.[182]
- **Zafè Ansyen Konbatan yo.** Nan zòn kote ki gen anpil ansyen konbatan ki gen LEP, Depatman Ansyen Konbatan yo(VA) dwe ofri aksè lengwistik nan etablisman medikal li yo ak nan sèvis li bay nan kominote a.[183]
- **Anplwa.** Anplwayè yo dwe pran mezi rezonab pou akomode travayè ki soud ak sila ki gen difikilte pou tande.[184] Gen lòt lwa federal ki entèdi diskriminasyon nan travay ki baze sou andikap ak orijin nasyonal.[185] Gen lòt lwa toujou ki egzije pou sèten ajans ak pwogram federal bay enfòmasyon ki gen rapò ak travay nan plizyè lang.[186]

- **Pwosedi tribinal federal yo.** Moun ki gen LEP yo, moun ki soud, ak moun ki gen difikilte pou tande yo dwe resevwa yon entèprèt sètifye nan pwosedi tribinal federal yo.[187] Si pa gen yon entèprèt sètifye, yo dwe bay yon entèprèt ki kalifye.[188]
- **Benefis gouvènmantal.** Dapre Lwa sou Koupon Manje (Food Stamp Act), ajans Eta a k ap administre pwogram SNAP la nan zòn kote ki gen anpil moun ki gen revni fèb ak anpil moun ki gen LEP, dwe itilize dokiman ekri bileng ak anplwaye ki bileng.[189] Ajans ki administre epi bay benefis gouvènmantal yo dwe konfòme yo tou ak egzijans aksesibilite ki nan ADA tou.
- **Jesyon Sitiyasyon Ijans ak Asistans apre Katastwòf.** Lalwa federal entèdi tout kalite diskriminasyon ki baze sou andikap oswa nivo konpetans nan lang anglè yon moun apre yon gwo katastwòf oswa yon sitiyasyon ijans.[190] Sa aplikab pou distribisyon pwovizyon, tretman dosye demann yo, ak lòt aktivite sekou ak asistans.[191] Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan (FEMA) gen obligasyon pou l travay ansanm ak gouvènman Eta yo ak administrasyon lokal yo pou yo pran an konsiderasyon gwoup popilasyon ki gen LEP yo nan planifikasyon mezi ijans ak gwo katastwòf.[192] FEMA dwe asire tou moun ki viktim nan yon ijans oswa yon gwo katastwòf ka konprann enfòmasyon y ap ba yo, kit yo se moun ki gen LEP, moun ki soud, oswa moun ki gen difikilte pou tande.[193] Anplis, nan limit sa posib nan nivo teknik, FEMA dwe sèvi avèkk Sistèm Alèt ak Avètisman Piblik Entegre a (IPAWS) yon fason pou l ka voye alèt sa yo bay moun ki gen LEP yo ak moun ki gen andikap yo.[194] Sistèm alèt sa a pèmèt otorite federal, eta yo, tribi, ak otorite lokal yo distribye alèt ak avètisman.
- **Transpò.** ADA egzije pou konpayi transpò yo ofri mwayen ak sèvis oksilyè pou vwayajè ki soud oswa ki gen difikilte pou tande.[195] Egzijans sa a aplikab pou sistèm transpò piblik ak konpayi transpò prive, tankou taksi, otobis lokasyon (charter), ak navèt otèl (shuttles). Menm si ADA pa aplikab pou vwayaj ayeryen,[196] Lwa sou Aksè nan Transpò Ayeryen an (ACAA) entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap nan konpayi transpò ayeryen yo.[197]

Gen lòt lwa ki egzije pou sèten biznis ak ajans bay enfòmasyon nan plizyè lang.[198]

Menm si gouvènman federal la ap diminye efò li pou fè respekte pwoteksyon jiridik sa yo, moun, òganizasyon ak pwokirè jeneral Eta yo ka toujou angaje pousuit legal anba anpil nan lwa sa yo pou asire w kenbe aksè nan sèvis, aktivite ak enstitisyon ki enpòtan yo.

Plent ak reklamasyon

Si ou kwè yo vyole dwa aksè lengwistik ou yo, ou ka depoze yon plent nan yon ajans Eta a, yon depatman oswa yon ajans lokal. Kote ki apwopriye pou depoze plent ou a ap depann sou sikonstans espesifik ensidan an. Tanpri gade tablo ki anba a pou detèmine ki kote pou w depoze yon plent si ou kwè ou pa resevwa sèvis oswa akomodasyon aksè lengwistik ki apwopriye yo.

Yon ajans Eta a

Pwoblèm: Yon ajans Eta a pa bay sèvis aksè lengwistik jan lalwa Eta a sou aksè lengwistik mande sa, jan yo eksplike sa nan seksyon "Aksè nan sèvis entèpretasyon ak tradiksyon" nan gid sa a.

Kote pou w pote plent: Kontakte Biwo Aksè Lengwistik Eta New York la (https://ogs.ny.gov/office-language-access) lè w itilize atravè fòmilè plent aksè lengwistik la (https://languageaccess.ny.gov/en-US).

Ajans nan Vil New York (NYC)

Pwoblèm: Yon ajans nan Vil New York (NYC) pa bay sèvis aksè lengwistik jan lalwa vil la mande sa a.

Kote pou w pote plent: Rele 311 oswa 212-NEW-YORK (212-639-9675). Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt enfòmasyon 311 la (https://portal.311.nyc.gov/article/?kanumber=KA-02630).

311 bay sèvis entèpretasyon. Konsilte lis enfòmasyon 311 la pou w genyen l pare lè w rele (https://www.nyc.gov/site/immigrants/language-needs/file-complaint.page). Ou ka depoze yon plent kèlkeswa estati imigrasyon w.

Lapolis Eta New York

Pwoblèm: Lapolis Eta New York pa bay sèvis oswa akomodasyon.

Kote pou w pote plent: Depoze yon plent dirèkteman bay Lapolis Eta a (https://troopers.ny.gov/language-access) oswa kontakte Biwo Aksè Lengwistik la (https://ogs.ny.gov/office-language-access) atravè fòmilè plent biwo a (https://languageaccess.ny.gov/en-US).

NYPD

Pwoblèm: NYPD a pa bay sèvis aksè lengwistik oswa akomodasyon ki nesesè yo.

Kote pou w pote plent: Rele 311 oubyen depoze yon plent nan NYPD a lè w rele 212-741-8401 oubyen voye yon imèl nan adrès sa a IAB@NYPD.org.

Vote

Pwoblèm: Biwo elektoral lokal ou a pa bay dokiman ki nesesè yo nan lang ou lè w ap vote, oubyen si ou viktim diskriminasyon pandan w ap vote.

Kote pou w pote plent: Rele Seksyon Dwa Vòt OAG a nan 212-416-9818 oubyen soumèt yon plent lè w itilize ak fòmilè plent OAG a (https://pcf.ag.ny.gov/form/CIVIL/natureofcomplaint-voting).

Eta New York

Pwoblèm: Ou kwè ou te viktim diskriminasyon ilegal ki baze sou lang, nenpòt kote nan Eta New York kit se nan travay, lojman, edikasyon, oubyen pa yon biznis oubyen yon sèvis ki ouvè pou piblik la.

Kote pou w pote plent: Rele Divizyon Dwa Moun Eta New York la (DHR) nan 844-NYS-DHR1 (844-697-3471) oswa voye yon plent lè w itilize fòmilè plent DHR la (https://webapps.dhr.ny.gov/discrimination-report).

Ou ka depoze yon plent tou nan Biwo Pwokirè Jeneral la (OAG) lè w itilize fòmilè plent OAG a (https://ag.ny.gov/file-complaint).

Vil New York

Pwoblèm: Ou kwè ou te viktim diskriminasyon ilegal ki baze sou lang nan Vil New York nan pratik lojman oubyen prè, travay, oubyen yon biznis oubyen yon sèvis ki ouvè pou piblik la.

Kote pou w pote plent: Ou ka depoze yon plent nan Komisyon Dwa Moun Vil New York (CCHR) la lè w itilize ak fòmilè plent CCHR (https://www.nyc.gov/site/cchr/about/report-discrimination.page).

Konsomatè

Pwoblèm: Ou gen yon plent konsomatè konsènan yon konpayi asirans, yon bank, yon prè etidyan, yon ipotèk (sezi kay), yon ajan kosyon, oswa nenpòt lòt sèvis finansye.

Kote pou w pote plent: Depoze yon plent lè w itilize ak fòmilè plent Depatman Sèvis Finansye Eta New York la (DFS) (https://www.dfs.ny.gov/complaint).

Tribinal nan Eta New York

Pwoblèm: Si nenpòt nan sitiyasyon sa yo rive pandan w nan yon tribinal nan Eta New York:

- tribinal la pa ba w yon entèprèt oubyen li pran reta pou l ba w youn
- yo ba w yon entèprèt ki pa konpetan
- yo ba w tradiksyon dokiman ekri ki pa egzat
- yo mande w pou w mennen pwòp entèprèt ou nan tribinal la
- y ap trete w yon fason enjis paske ou te mande yon entèprèt

Kote pou w pote plent: Depoze yon plent nan Biwo Aksè Lengwistik Sistèm Tribinal Inifye Eta New York la lè w rele 646-386-5670, voye yon imèl nan adrès sa a interpretercomplaints@nycourts.gov, oswa depoze yon plent lè w itilize fòmilè plent Sistèm Tribinal Inifye Eta New York la (https://www.cognitoforms.com/NYSUnifiedCourtSystemOCADivisionOfTechnology/LanguageAccessComplaintForm).

Komisyon Konpansasyon Travayè

Pwoblèm: Komisyon Konpansasyon Travayè a pa ba ou sèvis entèpretasyon adekwat oswa li refize ba ou yon dokiman tradui ki disponib.

Kote pou w pote plent: Depoze yon plent atravè fòmilè plent Komisyon Konpansasyon Travayè a (https://languageaccess.ny.gov/en-US/?agency=WCB).

Lekòl

Pwoblèm: Lekòl pitit ou a pa bay sèvis aksè lengwistik ki obligatwa yo.

Kote pou w pote plent: Si pitit ou a frekante yon lekòl piblik ki **andeyò Vil New York**, depoze yon plent bay sipè-entandan distri lekòl kote w rete a.

Si pitit ou a frekante yon lekòl piblik **nan Vil New York (NYC)**, rele nan 718-935-2200 pou w depoze yon plent pou aksè lengwistik pou pitit ou a. Ou kapab rele 311 tou epi di operatè a ou gen yon pwoblèm ki gen rapò ak edikasyon. Gen sèvis entèpretasyon nan telefòn ki disponib nan plis pase 200 lang.

Si ou menm, antanke paran oswa gadyen legal yon elèv nan yon Lekòl Piblik Vil New York (NYCPS), pa te resevwa sèvis tradiksyon oswa entèpretasyon dokiman pandan yon reyinyon ak yon anplwaye NYCPS, depoze yon plent lè w itilize fòmilè plent NYCPS (https://forms.office.com/Pages/ResponsePage.aspx?id=tyxJGEXvYUWFcQxC5fesB6ZjF0K-TCvxMISbfII71QxlUQIg0T0IDQU1BQVE0N0dSMVRBMjdBVk0yViQlQCN-0PWcu).

Si ou te deja fè yon plent nan distri lekòl ou a oswa nan NYCPS epi **pwoblèm aksè lengwistik la pa te rezoud**, depoze yon plent nan Depatman Edikasyon Eta New York (NYSED) atravè imèl oswa lapòs. Voye yon imèl nan adrès sa a: CONAPPTA@nysed.gov epi ekri mo "COMPLAINT" (plent) nan sijè imèl la, oswa voye plent lan nan:

New York State Education Department
Office of ESSA Funded Programs, Attention: Complaint Coordinator
89 Washington Ave., Room 320EB
Albany, New York 12234

Pou plis enfòmasyon ak enstriksyon sou pwosedi pou pote plent, konsilte sit entènèt Depatman Edikasyon Eta New York la (https://www.nysed.gov/essa/new-york-state-essa-funded-programs-complaint-procedures).

Ou kapab depoze tou yon plent bay OAG lè w itilize fòmilè plent OAG a (https://ag.ny.gov/file-complaint).

Anplis resous ki anwo yo, plizyè vil ak konte nan tout eta New York gen pwòp fòmilè plent yo.

Albany
Rele nan 518-434-5296 oswa voye yon imèl nan adrès sa a : eeo@albanyny.gov.

Buffalo
Itilize fòmilè Plent ki nan Plan Aksè Lengwistik pou Sibvansyon pou Devlopman Kominotè (CDBG) vil Buffalo a (https://www.buffalony.gov/DocumentCenter/View/9301/CDBG-Language-Access-Plan-in-English-Spanish-and-Arabic).

Rochester
Kontakte Kowòdonatè Aksè Lengwistik Vil Rochester a. W ap jwenn nimewo telefòn ak adrès imèl kowòdonatè a sou sit entènèt vil la (https://www.cityofrochester.gov/language access-plan).

Konte Monroe
Itilize fòmilè Plent Plan Aksè Lengwistik Konte Monroe a (https://www.monroecounty.gov/dei-language).

Konte Nassau
Itilize fòmilè Plent Aksè Lengwistik Konte Nassau a (https://app.nassaucountyny.gov/ca/complaint/lap.php).

Konte Onondaga
Itilize fòmilè Plent Komisyon Dwa Moun Konte Onondaga a (https://onondaga.gov/humanrights/complaintform).

Konte Suffolk
Itilize fòmilè plent Konte Suffolk la (https://suffolkcountyny.gov/Elected-Officials/County-Executive/Office-of-Multicultural-Affairs-and-Community-Engagement/Language-Access-Plan), ki disponib nan plizyè lang.

Konte Westchester
Depoze yon plent bay Komisyon Dwa Moun Konte Westchester nan 914-995-9500 oswa humanrights@westchestercountyny.gov.

References

1 Lopital Eta New York yo oblije bay yon entèprèt kalifye pou moun ki gen LEP, moun ki soud, ak moun ki gen difikilte pou tande yo, nan sèvis ospitalizasyon, konsiltasyon ekstèn, ak ijans. N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb; N.Y. Comp. Codes R. & Regs. (NYCRR) Tit. 10 § 405.7(b)(1). Lopital yo gen obligasyon tou pou mete afich pou enfòme pasyan yo sou disponiblite sèvis asistans lengwistik gratis epi idantifye ak dokimante preferans ak bezwen lengwistik chak pasyan. N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb(5)–(7); 10 NYCRR § 405.7(a)(7)(v)-(vii). Kliyan famasi LEP yo gen dwa pou yo resevwa sèvis entèpretasyon oral gratis konpetan epi gratis. Yo gen dwa tou pou yo benefisye tradiksyon etikèt medikaman doktè preskri yo ak lòt dokiman ekri ki enpòtan nan famasi ki fè pati yon gwoup uit (8) famasi oswa plis ki nan tout Eta New York la epi ki gen menm pwopriyetè. N.Y. Educ. Law § 6829(1)(a), (2)(a). Famasi sa yo, ansanm ak famasi ki vann medikaman atravè lapòs, dwe bay sèvis entèpretasyon ak tradiksyon tou lè y ap konseye kliyan LEP yo sou medikaman doktè preskri ak lè y ap ba yo etikèt avètisman oswa nenpòt lòt dokiman ekri. 8 NYCRR § 63.11(b).

2 *Gade* N.Y. Office of Gen. Servs. and N.Y. Dep't of Motor Vehicles, Language Access Plan for Limited English Proficient Individuals (Biwo Sèvis Jeneral Eta New York ak Depatman Veyikil ak Motè Eta New York, Aksè Lengwistik pou Moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè, https://ogs.ny.gov/system/files/documents/2024/11/nys-lap-2024_dmv.pdf. DMV a "dirije 31 biwo ki ouvri pou piblik la (DMV Eta a) nan konte sa yo: Albany, Bronx, Kings, Nassau, New York, Onondaga, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, ak Westchester. Nan lòt konte yo, gen 100 biwo ki ouvri pou piblik la, Grefye Konte yo (DMV Konte) ap dirije; grefye yo aji kòm ajan pou DMV a" "men "yo pa anba Lwa sou Aksè Lengwistik la." Office of the N.Y. State Comptroller, Report 2024-F-33, Dep't of Motor Vehicles: Language Access Servs. (Biwo Kontwolè Eta New York, Rapò 2024-F-33, Depatman Veyikil ak Motè: Aksè Lengwistik), 10 Avril 2025, https://www.osc.ny.gov/files/state-agencies/audits/pdf/sga-2025-24f33.pdf, paj 1.

3 N.Y. Exec. Law § 202-a(1). Ou ka aprann plis sou dwa sa yo nan seksyon "Aksè nan sèvis entèpretasyon ak tradiksyon" nan gid sa a.

4 Lalwa Vil New York mande pou ajans minisipal ki bay sèvis piblik dirèk yo ofri sèvis entèpretasyon nan telefòn nan omwen 100 lang. N.Y.C. Admin. Code, § 23-1101 et seq. Dekrè Konte Westchester (Westchester County Executive Order) No. 1 ane 2019 la mande pou depatman sa yo bay sèvis entèpretasyon ant depatman an ak moun k ap mande sèvis oswa benefis yo nan lang prensipal moun nan. Li entèdi pou depatman yo sèvi ak zouti tradiksyon sou entènèt (tankou Google Translate) pou fè entèpretasyon, li entèdi yo sèvi ak "lòt kliyan oswa entèprèt ki pa pwofesyonèl," epi li entèdi yo konte sou manm fanmi kliyan an kòm "sous prensipal pou tradiksyon." Men, li pèmèt yo sèvi ak "yon moun òganizasyon Kominotè oswa Founisè Sèvis yo Bay" kòm entèprèt. Dekrè Konte Suffolk (Suffolk County Executive Order) No. 10 ane 2012 la mande, pami lòt bagay, pou depatman konte yo ki anba sipèvizyon Chèf

Egzekitif Konte a, ki bay sèvis piblik dirèk yo, bay sèvis entèpretasyon konpetan ant ajans lan ak moun k ap mande sèvis oswa benefis nan lang prensipal yo. Dekrè sa a te vin tounen yon lwa ofisyèl nan ane 2018 lè lejislati Konte Suffolk la te adopte Lwa Lokal No. 16 Konte Suffolk la, ki te kodifye kòm Chapit 143 nan Lwa Lokal Administratif Konte Suffolk yo (Suffolk County Local Law 16, Suffolk Cnty. Admin. Local Laws, chap. 143). Dekrè Konte Nassau (Suffolk County Executive Order) No. 72 ane 2013 la mande depatman konte yo ki bay piblik la sèvis dirèk pou "bay sèvis entèpretasyon konpetan ant depatman an ak yon moun k ap resevwa pwogram oswa sèvis ak/oswa patisipan nan lang prensipal yo," kit se atravè yon anplwaye nan konte a ki konpetan epi ki bileng, kit se atravè yon sèvis entèpretasyon ki disponib.

5 42 U.S.C. § 5151(a).

6 Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab (Patient Protection and Affordable Care Act — ACA) entèdi eksklizyon nenpòt moun nan patisipasyon nan yon pwogram oswa aktivite sante yon ajans egzekitif federal oswa k ap resevwa asistans finansye federal ap administre. Li entèdi tou pou yo refize moun sa yo benefis pwogram oswa aktivite sa a, oswa pou yo fè diskriminasyon kont yo ladan l. 42 U.S.C. § 18116(a). Moun LEP yo gen dwa pou yo resevwa sèvis aksè lengwistik gratis, ki egzat, epi ki fèt nan tan ki apwopriye a lè y ap chèche jwenn aksè nan pwogram oswa aktivite sante ki kalifye yo, sa enkli Medicare ak Medicaid. 45 C.F.R. § 92.201(a), (b). Yo dwe bay moun ki gen andikap yo mwayen ak sèvis oksilyè tou lè sa nesesè pou yo ka patisipe epi jwi benefis pwogram sante yo. Èd sa yo dwe fèt gratis, nan fòma ki aksesib, epi nan yon tan ki apwopriye. Id. § 92.202(b).

7 Lwa sou Koupon Manje a (Food Stamp Act - FSA) mande pou chak ajans Eta a k ap administre pwogram SNAP la, ki gen ladan biwo konte lokal yo ki jere pwogram nan nan non Eta a, sèvi ak anplwaye ki bileng epi itilize materyèl enprime ki apwopriye pou administre pwogram nan nan zòn ki gen anpil fanmi ki gen revni fèb epi ki pale yon lòt lang ki pa Anglè. 7 U.S.C. § 2020(e)(1)(B); gade Haskins v. Stanton, 621 F. Supp. 622, 628 (N.D. Ind. 1985) (kote tribinal la te jwenn plent moun yo te fè a te gen anpil chans pou l abouti, paske ajans Eta a ak ajans konte yo pa te itilize anplwaye bileng jan sa dwe fèt, sa ki se yon vyolasyon lwa FSA a), desizyon sa a te konfime nan 794 F.2d 1273 (7yèm 1986). Menm si gen kèk tribinal ki panse pa gen yon dwa pou yon moun pote plent dirèkteman (dwa aksyon prive) dapre lwa FSA a, gade Almendares v. Palmer, 284 F. Supp. 2d 799, 808 (N.D. Ohio 2003), Setyèm ak Senkyèm Sikwi yo te rekonèt yon dwa prive pou aksyon kont fonksyonè Eta yo anba lwa a, gade Haskins, 794 F.2d nan 1274 (ki te itilize desizyon nan ka Cort v. Ash, 422 U.S. 66 (1975), pou montre gen yon dwa pou moun pote plent); Victorian v. Miller, 813 F.2d 718, 724 (5yèm Sikwi 1987); gade tou ka Owen v. CDPU, No. 21-CV-628-WMC, 2022 WL 203476, nan *2 (W.D. Wis. 24 Janvye 2022) (ki site Haskins). Nan Eta New York, politik yo mande pou tout moun k ap fè demann pou SNAP enfòme sou dwa yo ak responsabilite yo nan pwogram nan, epi, kote sa nesesè, enfòmasyon sa yo dwe bay nan lòt lang ki pa Anglè. 18 NYCRR § 387.2(t).

8 “Pa gen okenn distri sèvis sosyal oswa ofisyèl ki gen dwa etabli oswa aplike okenn politik oswa pratik ki ta ka lakoz diskriminasyon kont yon moun akoz ras li, koulè l, orijin nasyonal li, laj li, sèks li, relijyon l, oswa andikap li. Entèdiksyon sa a aplikab pou tout asistans, swen, sèvis, benefis, oswa avantaj ajans yo bay dirèkteman, oswa endirèkteman pa lòt ajans, òganizasyon oswa enstitisyon k ap patisipe anba yon kontra oswa lòt kalite akò (aranjman).” 18 NYCRR § 303.1. Direktiv Administratif 06-ADM-05 ki soti nan Biwo Asistans Tanporè ak Asistans pou Moun ki Andikape (OTDA) yo nan New York konseye distri sèvis sosyal yo sou jan pou yo bay tradiksyon, entèprèt, avèk lòt mwayen ak sèvis oksilyè pou moun LEP k ap fè demann, moun ki soud, oswa moun ki gen difikilte pou tande, k ap chèche asistans tanporè, koupon manje (SNAP), ak asistans nan kad Pwogram Asistans Enèji pou Kay la (HEAP). Gade OTDA, Admin. Directive 06-ADM-05, Providing Access to Temp. Assistance Programs for Persons with Disabilities and/or Limited English Proficiency (LEP) (OTDA, Direktiv Administratif 06-ADM-05, Aksè nan Pwogram Asistans Tanporè pou Moun ki gen yon Andikap ak/oswa Moun ki gen yon Konpetans Limite nan Lang Anglè (LEP)), ki te revize nan dat 27 Avril 2006, https://otda.ny.gov/policy/directives/2006/ADM/06-ADM-05.pdf; gade tou Information Letter 17-INF-14, Language Access for Individuals with Limited English Proficiency (LEP) (OTDA, Lèt Enfòmasyon 17-INF-14, Aksè Lengwistik pou Moun ki gen yon Konpetans Limite nan Lang Anglè (LEP)), revize nan dat 19 Desanm 2017, https://otda.ny.gov/policy/directives/2017/INF/17-INF-14.pdf (dokiman sa a repete responsabilite legal distri sèvis sosyal yo genyen pou yo bay moun LEP yo entèprèt ki kalifye, epi li avèti distri yo pou yo pa konte sou manm fanmi oswa zanmi yon moun k ap fè demann oswa yon moun k ap resevwa benefis pou fè entèpretasyon an, eksepte “kòm yon dènye solisyon si pa gen okenn lòt chwa”).

9 ““Chak fwa yon moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande se yon pati nan yon pwosedi jidisyè kèlkonk, oswa li patisipe kòm temwen, jire, oswa kòm yon moun ki ka vin jire, tribinal la dwe nan tout ka deziyen yon entèprèt ki kalifye … pou entèprete pwosedi a pou moun sa a, epi entèprete temwayaj moun sa a ki soud oswa ki gen difikilte pou tande a ….” N.Y. Judiciary Law § 390(1); gade tou id. § 387 (“Si sèvis yon entèprèt nesesè nan nenpòt tribinal epi pa gen okenn entèprèt ofisyèl ki disponib pou travay la, tribinal la ka nonmen yon entèprèt pou travay tanporèman nan tribinal sa a.”). Politik Eta yo pwolonje dwa sa a pou bay tout moun LEP ki se yon pati oswa temwen nan pwosedi kriminèl oswa sivil nan tribinal Eta yo yon entèprèt, ansanm ak paran oswa gadyen legal LEP ki gen timoun ki konsène nan pwosedi devan Tribinal Afè Fanmi an (Family Court). 22 NYCRR § 217.1(a) (“Nan tout ka sivil ak kriminèl, lè yon tribinal konstate yon pati oswa yon temwen, yon paran oswa gadyen legal yon timoun nan yon pwosedi devan Tribinal Fanmi, pa kapab konprann epi kominike nan lang Anglè nan yon nivo ki pèmèt li patisipe efektivman nan pwosedi jidisyè a, grefye tribinal la oswa yon lòt ofisye administratif deziyen dwe fè apèl ak yon entèprèt, san okenn frè … pou entèprete nan telefòn oswa ak mwayen odyovizyèl an dirèk.”).

Anplis, Kloz Dwa pou yon Pwosè Ekitab nan Katòzyèm Amannman an ak Kloz Dwa pou Konfwontasyon nan Sizyèm Amannman Konstitisyon Etazini an mande tribinal yo pou bay akize ki gen yon Konpetans Limite nan Lang Anglè, sila ki soud yo ak sila ki gen difikilte pou tande yo, entèprèt ki "pèmèt yo patisipe efektivman nan pwòp defans yo" epi pou yo konfwonte ak temwen opozan yo atravè kont-entèwogatwa, lè tribinal la rann li kont baryè lengwistik yon akize. U.S. ex rel. Negron v. State of N.Y., 434 F.2d 386, 389–91 (2yèm Sikwi 1970); People v. DeArmas, 106 A.D.2d 659, 660 (2yèm Depatman 1984) Desizyon tribinal premye enstans lan ki te limite dwa akize a pou l sèvi ak entèprèt ofisyèl tribinal la pandan pwosè a, epi ki te limite chans li pou l gen pwòp entèprèt pa l bò kote avoka li, te lakoz akize a pèdi dwa li genyen pou yon pwosedi legal ki ekitab epi li pa te jwenn asistans efikas yon avoka."). Men, gade People v. Ramos, 26 N.Y.2d 272, 274 (1970) ("Yon moun ka pèdi dwa pou l gen yon entèprèt ... lè akize a, oswa avoka li, pa fè tribinal la konnen, nan yon fason ki apwopriye, li pa konprann lang Anglè a ase byen."). "Tribinal Eta yo rekonèt tou entèprèt yo nesesè pou garanti yon patisipasyon siyifikatif nan kad ka sivil yo." Matter of Lizotte v. Johnson, 4 Misc. 3d 334, 342 (Sup. Ct., N.Y. Cnty. 2004).

10 22 NYCRR § 217.1(a).

11 Nan tout pwosedi kriminèl oswa sivil nan tribinal distri Ozetazini yo (tribinal federal), ki gen ladan pwosedi preliminè ak pwosedi k ap fèt devan gran jiri yo, Lwa sou Entèprèt nan Tribinal yo (Court Interpreters Act) mande pou yo mete entèprèt disponib pou nenpòt pati ki konsène oswa nenpòt temwen ki "pale sèlman oswa sitou yon lòt lang ki pa Anglè" oswa ki gen "difikilte pou tande ... ki ta ka anpeche moun sa a konprann pwosedi yo oswa kominike avèk avoka li oswa avèk jij k ap dirije odyans lan, oswa ki ta ka anpeche moun nan konprann kesyon yo epi prezante temwayaj li." 28 U.S.C. § 1827(d)(1). "[Nòm jeneral pou yon tradiksyon ki kòrèk nan yon pwosè mande pou gen yon tradiksyon mo pou mo ak kontinyèl pou tout sa k ap pase nan pwosè a, menm jan yon akize ki pale Anglè ta gen chans tande l." United States v. Joshi, 896 F.2d 1303, 1309 (11yèm Sikwi 1990). Règ 43(d) nan Règ Pwosedi Sivil Federal (Federal Rules of Civil Procedure) yo prevwa yon tribinal ka nonmen yon entèprèt li chwazi pou tande yon temwen. Règ 28 nan Règ Federal sou Pwosedi Penal la (Federal Rule of Criminal Procedure) bay tribinal federal yo pouvwa tou pou nonmen entèprèt gratis pou pwosedi penal yo.

Dwa akize LEP yo, ki soud epi ki gen difikilte pou tande, pou yo jwenn asistans yon entèprèt pwoteje anplis anba Kloz sou Dwa pou yon Pwosè ki Ekitab nan Senkyèm Amannman an ak Kloz sou Dwa pou Konfwontasyon nan Sizyèm Amannman Konstitisyon Ameriken an. U.S. v. Si, 333 F.3d 1041, 1042–43 (9yèm Sikwi 2003); gade U.S. v. Mosquera, 816 F. Supp. 168, 175 (E.D.N.Y. 1993) (ki deklare Konstitisyon an mande tradiksyon dokiman yo).

12 Moun ki pa sitwayen ameriken yo gen dwa, daprè Senkyèm Amannman an, pou yo gen yon entèprèt ki konpetan lè baryè lengwistik lan ta ka anpeche yo jwenn yon odyans konplè epi ekitab nan kad yon pwosedi imigrasyon nan tribinal, tankou yon pwosedi depòtasyon oswa yon demann azil. Amadou v. I.N.S., 226 F.3d 724, 726–27 (6yèm Sikwi 2000); gade Abdullah v. I.N.S., 184 F.3d 158, 164 (2yèm Sikwi1999) (ki sipoze, san li pa bay yon desizyon fèm sou sa, moun ki pa sitwayen yo gen dwa pou yo jwenn sèvis entèpretasyon lè y ap "defann dwa yo pou yo rete nan peyi a," men se pa lè y ap "mande admisyon nan fwontyè a" (yo mete aksan sou mo sa yo nan dokiman orijinal la)). Anplis, Jij Imigrasyon yo dwe "pran mezi ki nesesè pou evalye si" sèvis entèpretasyon nesesè pou garanti yon odyans konplè epi ki ekitab sou kesyon tankou demann azil, sispansyon depòtasyon, ak pwoteksyon anba Konvansyon Kont Tòti. B.C. v. Att'y Gen. U.S., 12 F.4th 306, 313–14 (3yèm Sikwi 2021).

13 N.Y. Admin. Pro. Act § 301(6) ("Chak fwa yon moun ki soud se yon pati nan yon pwosedi jidisyè devan yon ajans, oswa li se yon temwen nan pwosedi sa a, ajans sa a dwe, nan tout sikonstans, nonmen yon entèprèt kalifye, ki sètifye pa yon otorite nasyonal oswa yon otorite nan Eta New York rekonèt, pou entèprete pwosedi a epi entèprete temwayaj moun sa a ki soud la.").

14 N.Y. Office of Gen. Servs., Language Access Plan for Individuals with Limited English Proficiency (Biwo Sèvis Jeneral New York, Plan Aksè Lengwistik pou Moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè (Lapolis Eta New York)), 1ye Oktòb 2024, https://ogs.ny.gov/system/files/documents/2024/10/nys-lap-2024_nysp.pdf, paj 5–7 ak 9–10.

15 *Id.*

16 *Id*. nan 9–10.

17 N.Y.C. Admin. Code § 14-173.

18 N.Y. Exec. Law § 259-i(7)–(8) (mande pou yo nonmen yon entèprèt ki kalifye pou nenpòt moun ki soud oswa moun LEP k ap patisipe nan yon entèvyou, yon odyans pou libète kondisyonèl, yon odyans preliminè, oswa yon odyans revokasyon).

19 Si ou bezwen asistans pou w vote paske w se yon LEP, ou soud, ou gen difikilte pou tande, oswa w gen difikilte pou w li oswa ekri an Anglè, ou gen dwa fè yon moun akonpaye w pou ede w vote. Moun k ap ede w la pa oblije yon sitwayen ameriken, li pa oblije enskri pou vote, ni li pa menm oblije yon elektè anrejistre, oswa menm yon moun ki gen laj legal, men li pa kapab anplwayè w, yon reprezantan anplwayè w, oswa yon ofisye oswa yon reprezantan sendika w la. 52 U.S.C. § 10508; gade Arkansas United v. Thurston, 517 F. Supp. 3d 777, 786 (W.D. Ark. 2021) (Dapre 52 U.S.C. § 10508, dwa sa a aplikab pou tout elektè LEP yo). Moun k ap ede w la ka akonpaye w pandan tout pwosesis vòt la, sa enkli anvan ak apre vòt la, epi anndan kabin vòt la tou. 52 U.S.C. § 10310(c)(1); OCA-Greater Houston v. Texas, 867 F.3d 604, 614–15 (5yèm Sikwi 2017). Anvan li ede w, moun nan ka gen pou l fè yon sèman pou l sèmante li p ap enfliyanse vòt ou mal. N.Y. Elec. Law § 8-306(5). Komisyon Angajman Sivik NYC (NYCCEC) bay sèvis lengwistik pou elektè LEP yo pandan eleksyon yo. Pwogram Asistans Lengwistik pou Elektè NYCCEC la bay sèvis entèpretasyon nan sèten sant vòt nan lang sa yo: Arab, Bengali, Chinwa (Kantonè, Mandaren), Fransè, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Koreyen, Polonè, Ris, Ourdou, ak Yidich. Gade NYCCEC, Upcoming Elections and Voter Language Assistance Servs. (NYCCEC, Eleksyon kap vini yo ak Sèvis Asistans Lengwistik pou Elektè yo), https://www.nyc.gov/site/civicengagement/our-programs/poll-site-language-access.page; gade tou OAG, Voting Resources: Language Assistance Guidance (OAG, Resous Elektoral: Gid Asistans Lengwistik), https://ag.ny.gov/voting-resources#language.

20 Kliyan famasi LEP yo gen dwa jwenn sèvis entèpretasyon oral gratis ak konpetan, ansanm ak tradiksyon etikèt preskripsyon ak lòt dokiman ekri enpòtan nan famasi ki fè pati yon gwoup uit famasi oswa plis ki sitiye nan New York ki gen menm pwopriyetè a. N.Y. Educ. Law § 6829(1)(a), (2)(a). Famasi sa yo, ansanm ak famasi ki vann medikaman pa lapòs, dwe bay sèvis entèpretasyon ak tradiksyon tou lè y ap konseye kliyan LEP yo sou medikaman doktè preskri ak lè y ap ba yo etikèt avètisman oswa nenpòt lòt dokiman ekri. 8 NYCRR § 63.11(b). Sèvis tradiksyon sa yo dwe fèt "nan lang prensipal moun LEP a prefere pou famasi a." N.Y. Educ. Law § 6829(2)(a).

21 10 NYCRR § 405.7(a)(7)(v)–(vii), (b)(1); gade tou N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb. Lopital Jeneral yo nan Eta New York yo gen obligasyon pou yo fè yon evalyasyon chak ane pou yo ka idantifye gwoup moun LEP ki reprezante plis pase 1% nan popilasyon an nan zòn kote lopital la bay sèvis la. Pou lang yo idantifye yo, lopital yo dwe bay tradiksyon pou tout fòmilè ak enstriksyon enpòtan ki gen nan lopital la. N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb ; 10 NYCRR § 405.7(a)(x).

22 *Gade* N.Y. Office of Gen. Servs. and N.Y. Dep't of Motor Vehicles, Language Access Plan for Limited English Proficient Individuals (Biwo Sèvis Jeneral Vil New York la ak Depatman Veyikil ak Motè Vil New York la, Aksè Lengwistik pou Moun ki gen yon Konpetans Limite nan Lang Anglè), https://ogs.ny.gov/system/files/documents/2024/11/nys-lap-2024_dmv.pdf. DMV a "dirije 31 biwo ki ouvri pou piblik la (DMV Eta a) nan konte sa yo: Albany, Bronx, Kings, Nassau, New York, Onondaga, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, ak Westchester. Nan rès lòt konte yo, gen 100 biwo ki louvri pou piblik la ki se Grefye Konte yo (County Clerks oswa DMV Konte) k ap dirije yo; yo aji kòm ajan pou DMV a" men "yo pa soumèt anba lwa sou aksè

lengwistik la." Office of the N.Y. State Comptroller, Report 2024-F-33, Dep't of Motor Vehicles: Language Access Servs. (Biwo Kontwolè Eta New York, rapò 2024-F-33, Depatman Veyikil ak Motè: AksèLengwistik), 10 Avril 2025, https://www.osc.ny.gov/files/state-agencies/audits/pdf/sga-2025-24f33.pdf, paj 1.

23 N.Y. Exec. Law § 202-a(1). Ou ka aprann plis sou dwa sa yo nan seksyon "Aksè nan sèvis entèpretasyon ak tradiksyon" nan gid sa a.

24 Lalwa Vil New York mande pou ajans ki bay piblik la sèvis dirèk tradui dokiman yo plis distribye yo nan lang sa yo: Panyòl, Chinwa, Ris, Bengali, Kreyòl ayisyen, Koreyen, Arab, Ourdou, Fransè, ak Polonè. N.Y.C. Admin. Code, § 23-1101 et seq. Dekrè Konte Westchester (Westchester County Executive Order) No. 1 ane 2019 la mande pou sèvis konte a ki bay piblik la sèvis dirèk pou tradui dokiman esansyèl yo nan lang Panyòl, Italyen, Chinwa, Fransè (sa enkli Kreyòl Ayisyen), Arab, Tagalòg, Japonè, Albanè, ak youn nan sis lang moun LEP yo pi souvan pale nan konte a. Dekrè Konte Suffolk (Suffolk County Executive Order) No. 10 ane 2012 la mande pou ajans konte a ki anba sipèvizyon Chèf Egzekitif konte a ki bay piblik la sèvis dirèk , tradui dokiman esansyèl yo nan sis lang ki pa Anglè ki pi komen moun LEP nan konte a plis pale. Dekrè sa a te vin tounen yon lwa ofisyèl nan ane 2018 lè lejislati Konte Suffolk la te adopte Lwa Lokal No. 16 Konte Suffolk (Suffolk County Local Law 16, Suffolk Cnty. Admin. Local Laws), chapit 143. Dekrè Konte Nassau (Nassau County Executive) No. 67 ane 2013 la mande, pami lòt bagay ki bay piblik la sèvis dirèk, tradui dokiman esansyèl yo nan sis lang ki pa Anglè ki pi komen moun LEP nan konte a plis pale.

25 N.Y.C. Admin. Code §§ 21-332(b)(2), 23-1102.

26 ACA entèdi eksklizyon nenpòt moun, refize ba li benefis, oswa fè diskriminasyon kont li nan kad yon pwogram oswa yon aktivite sante yon ajans egzekitif federal oswa ki resevwa asistans finansye federal ap administre. 42 U.S.C. § 18116(a). Moun LEP yo gen dwa resevwa aksè lengwistik, tankou sèvis tradiksyon, ki gratis, egzak, epi alè lè y ap chèche aksè nan pwogram oswa aktivite sante ki kalifye, tankou Medicare ak Medicaid. 45 C.F.R. § 92.201(a)–(b). Si yon antite k ap administre yon pwogram sante sèvi ak tradiksyon otomatik (tankou Google Translate) pou bay yon moun LEP sèvis tradiksyon, yon tradiktè imen dwe revize tradiksyon otomatik la si dokiman an "enpòtan anpil pou dwa, benefis, oswa aksè siyifikatif yon moun ki gen yon konpetans limite nan lang anglè, kote presizyon an esansyèl, oswa kote dokiman oswa materyèl sous yo gen langaj konplèks, ki pa literal, oswa teknik." Id. § 92.201(c)(3).

Yo dwe bay moun ki soud, oswa ki gen difikilte pou tande yo mwayen ak sèvis oksilyè tou lè sa nesesè pou yo ka patisipe epi jwi benefis pwogram sante yo. Èd sa yo dwe fèt gratis, nan fòma ki aksesib, epi nan yon tan ki apwopriye. Id. § 92.202(b).

27 Lwa sou Koupon Manje a (Food Stamp Act - FSA) mande pou chak ajans Eta a k ap administre pwogram SNAP la, ki gen ladan biwo konte lokal yo ki jere pwogram nan sou non Eta a, sèvi ak anplwaye ki bileng epi itilize materyèl enprime ki apwopriye pou administre pwogram nan nan zòn ki gen anpil fanmi ki gen ti revni epi ki pale yon lòt lang ki pa Anglè. 7 U.S.C. § 2020(e)(1)(B).

28 Lwa John R. Lewis sou Dwa Vòt nan Eta New York la (NYVRA) mande pou yon " komisyon elektoral oswa yon sibdivizyon politik [pou egzanp: yon konte, yon vil, yon awondisman, yon vilaj oswa yon distri lekòl] k ap administre eleksyon yo" bay "asistans lengwistik" pou yon "gwoup lengwistik minoritè nan yon sibdivizyon politik" si gen yon sèten kantite moun oswa yon sèten pousantaj nan popilasyon an ki se manm gwoup sa yo epi ki gen yon Konpetans Limite nan Lang Anglè (LEP). N.Y. Elec. Law § 17-208(1). Tèm "gwoup minoritè lengwistik" la defini kòm "moun ki se Endyen Ameriken, Ameriken Azyatik, natif Alaska, oswa moun ki gen orijin Panyòl." Id. § 17-204(5-a). "Asistans lengwistik" ki dekri nan NYVRA a gen ladan li tradiksyon pou "avi enskripsyon oswa avi pou vote, fòmilè, enstriksyon, asistans oswa nenpòt lòt dokiman oswa enfòmasyon ki gen rapò ak pwosesis eleksyon an, sa gen ladan bilten vòt yo." Id. § 17-208(2). Ou ka jwenn lis sibdivizyon politik Komisyon Elektoral Eta New York la ki oblije bay asistans an panyòl ak lis konte ki oblije bay asistans nan lòt lang sou sit entènèt Komisyon Elektoral Eta New York la (https://elections.ny.gov/john-r-lewis-voting-rights-act-new-york).

29 Lè yon anplwayè anboche yon nouvo anplwaye, li dwe ba li yon avi alekri ki montre nivo salè li ak sou ki baz yo kalkile salè sa a. Avi sa a dwe fèt an anglè ak nan nenpòt lòt lang anplwaye a idantifye kòm lang prensipal li. N.Y. Lab. Law § 195(1)(a). Komisyon Konpansasyon Travayè yo bay sèvis entèpretasyon nan nenpòt lang yo prefere epi li bay tradiksyon fòmilè ak dokiman esansyèl nan omwen 12 lang ki pi pale nan New York (Panyòl, Chinwa, Ris, Yidich, Bengali, Koreyen, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Arab, Polonè, Fransè, ak Ourdou). Ou ka mande sèvis entèpretasyon oswa fè tradui yon dokiman lè w voye yon imèl bay LanguageAccessCoordinator@wcb.ny.gov oswa lè w rele 877-632-4996. Ou ka aprann plis sou sèvis aksè lengwistik sa yo sou sit entènèt Komisyon Konpansasyon Travayè yo (https://www.wcb.ny.gov). Gade tou Lwa sou Konpansasyon Travayè New York § 17-a(1). ("Komisyon an dwe bay tradiksyon pou (a) tout dokiman ak fòmilè komisyon an pibliye travayè ki blese yo dwe ranpli; (b) tout dokiman komisyon an ki bay travayè ki blese yo enfòmasyon jeneral sou pwosesis pou aplike pou benefis konpansasyon travayè yo; ak (c) tout lòt dokiman esansyèl yo..."); id. § 17-a(2) ("Komisyon an dwe bay sèvis entèpretasyon pou anplwaye blese yo nan koneksyon avèk dispozisyon sèvis, enfòmasyon ak/oswa benefis li yo.").

30 N.Y. Exec. Law § 202-a(1).

31 *Id.* § 202-a(1), (4)(a).

32 *Id.* § 202-a(5).

33 Menm si Biwo Pwokirè Jeneral la (OAG) pa yon ajans ki bay sèvis oswa benefis dirèk bay piblik la dapre lwa sou Asistans Lengwistik la, OAG pran angajman pou l garanti aksè lengwistik epi li fè efò pou l sèvi ak sèvis entèpretasyon ak lòt sèvis oswa èd siplemantè lè sa nesesè, nan entèraksyon li yo ak manm piblik la ki LEP, ki soud, oswa ki gen difikilte pou tande.

34 N.Y. Exec. Law § 202-a(1); N.Y. Office of Gen. Servs., New York State Language Access Law (Biwo Sèvis Jeneral Eta New York, Lwa sou Aksè Lengwistik nan Eta New York), New York State Language Access Law | Office of General Services. (https://ogs.ny.gov/new-york-state-language-access-law).

35 N.Y. Exec. Law § 202-a(4)(a).

36 N.Y.C. Admin. Code, § 23-1101 *et seq*.

37 *Id.*

38 Dekrè Konte Westchester (Westchester County Executive Order) No. 1 lane 2019 la mande pou sèvis konte a ki bay piblik la sèvis dirèk pou tradui dokiman esansyèl yo nan lang Panyòl, Italyen, Chinwa, Fransè (sa gen ladan l Kreyòl ayisyen), Arab, Tagalòg, Japonè, Albanè, ak youn nan sis lang ki pi souvan pale pa Moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè (PLE) nan konte a. Anplis, dekrè a mande pou depatman sa yo bay sèvis entèpretasyon ant depatman an ak moun k ap mande sèvis oswa benefis yo nan lang prensipal moun nan. Li entèdi pou depatman yo sèvi ak zouti tradiksyon sou entènèt (tankou Google Translate) pou fè entèpretasyon, li entèdi yo sèvi ak "lòt kliyan oswa entèprèt ki pa pwofesyonèl," epi li entèdi yo konte sou manm fanmi kliyan an kòm "sous prensipal pou tradiksyon." Men, li pèmèt yo sèvi ak "yon moun Òganizasyon Kominotè oswa Founisè Sèvis yo Bay" kòm entèprèt.

39 Dekrè Konte Suffolk (Suffolk County Executive Order) No.10 lane 2012 mande pou ajans konte a ki anba sipèvizyon Chèf Egzekitif konte a, ki bay piblik la sèvis dirèk, tradui dokiman esansyèl yo nan sis lang ki pa Anglè ki pi komen moun LEP nan konte a plis pale. Dekrè a mande tou pou ajans sa yo bay sèvis entèpretasyon konpetan ant ajans lan ak moun k ap chèche sèvis oswa benefis nan lang prensipal moun nan, pami lòt egzijans. Dekrè sa a te vin tounen yon lwa ofisyèl nan ane 2018 lè lejislati Konte Suffolk la te adopte Lwa Lokal No. 16 Konte Suffolk (Suffolk County Local Law 16, Suffolk Cnty. Admin. Local Laws), chapit 143.

40 Dekrè Konte Nassau (Nassau County Executive Order) No. 67 ane 2013 la mande, pami lòt bagay ki bay piblik la sèvis dirèk, tradui dokiman esansyèl yo nan sis lang ki pa Anglè ki pi komen moun LEP nan konte a plis pale. Dekrè Konte Nassau (Nassau County Executive Order) No. 72 ane 2013 la mande depatman konte yo ki bay piblik la sèvis dirèk pou "bay sèvis entèpretasyon konpetan ant depatman an ak yon moun k ap resevwa pwogram oswa sèvis ak/oswa patisipan nan lang prensipal yo," kit se atravè yon anplwaye nan konte a ki konpetan epi ki bileng, kit se atravè yon sèvis entèpretasyon ki disponib.

41 Plan Aksè Lengwistik Konte Monroe a (https://www.monroecounty.gov/dei-language) etabli direktiv pou ajans ak pwogram nan konte a suiv lè y ap prepare epi mete an plas akomodasyon rezonab pou moun LEP yo.

42 "'Tèm "lopital jeneral" la vle di yon etablisman ospitalye ki bay sèvis medikal oswa mediko-chirijikal sitou pou pasyan ki entène (moun ki kouche lopital la), anba sipèvizyon yon doktè, 24 sou 24, avèk dispozisyon pou admisyon oswa trete moun ki bezwen swen ijans epi avèk yon pèsonèl medikal ak enfimyè ki òganize; sa gen ladan l tou etablisman ki bay sèvis ki gen rapò ak maladi, blesi, oswa lòt pwoblèm sante byen presi. Tèm "lopital jeneral" la pa gen ladan li mezon retrèt, sant sante piblik, sant dyagnostik, sant tretman, dispansè ak laboratwa, oswa sant sèvis santral k ap sèvi plis pase yon enstitisyon." N.Y. Pub. Health Law § 2801(10).

43 N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb; 10 NYCRR § 405.7(b)(1); gade id. § 405.1 (applying these requirements to general hospitals).

44 N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb; 10 NYCRR § 405.7(b)(1); gade id. § 405.1 (ki aplikab pou egzijans sa yo nan lopital jeneral yo).

45 N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb(6); 10 NYCRR § 405.7(a)(7)(vi).

46 N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb(7); 10 NYCRR § 405.7(a)(7)(vii).

47 N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb(3); 10 NYCRR § 405.7(a)(7)(iii).

48 N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb(5); 10 NYCRR § 405.7(a)(7)(v).

49 N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb(4); 10 NYCRR § 405.7(a)(7)(iv). Anplis, Lopital Jeneral Eta New York yo gen obligasyon pou yo fè yon evalyasyon chak ane pou yo ka idantifye gwoup moun LEP ki reprezante plis pase 1% nan popilasyon an nan zòn kote lopital la bay sèvis la. Pou lang yo idantifye yo, lopital yo dwe bay tradiksyon pou tout fòmilè ak enstriksyon enpòtan ki gen nan lopital la. N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb; 10 NYCRR § 405.7(a)(x).

50 10 NYCRR § 405.7(a)(7)(ix)(a). Egzijans sa a aplikab pou tout demann pou entèprèt pasyan an, fanmi li, reprezantan li, oswa doktè k ap ba li swen an fè. Id.; gade tou N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb(9) ("Yo dwe mete entèprèt ak moun ki kalifye pou kominike ak moun ki pa wè byen ak/oswa moun ki gen difikilte pou tande disponib pou pasyan yo nan yon delè ki rezonab depi lè pasyan an, fanmi li, reprezantan li, oswa doktè a fè administrasyon jeneral lopital la demann lan.").

51 10 NYCRR § 405.7(a)(7)(ix)(a).

52 N.Y. Educ. Law § 6829(2)(a); gade tou. § 6829(1)(a) (ki defini famasi ki konsène yo kòm famasi ki fè pati yon gwoup uit (8) famasi oswa plis nan Eta ew York ki gen menm pwopriyetè a).

53 8 NYCRR § 63.11(b)(1).

54 *Id.* § 63.11(b)(2).

55 42 U.S.C. § 18116(a) [Yo pa dwe ekskli pèsonn nan patisipasyon okenn pwogram oswa aktivite sante, ni yo pa dwe refize pèsonn benefis nan pwogram sa yo, ni yo pa dwe fè diskriminasyon kont pèsonn nan kad pwogram sa yo, depi yon pati nan yo ap resevwa asistans finansye federal, tankou kredi, sibvansyon, oswa kontra asirans, oswa nan kad nenpòt pwogram oswa aktivite ki anba direksyon yon Ajans Egzekitif ...”); 45 C.F.R. § 92.201 (ki mande antite ki anba pwoteksyon Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini oswa moun k ap resevwa asistans finansye federal—pou bay sèvis asistans lang ki gratis, egzat, epi alè pou moun LEP yo).

56 45 C.F.R. § 92.202 (ki egzije antite ki konsène yo bay mwayen ak sèvis oksilyè apwopriye gratis ak nan yon fason apwopriye pou ede moun ki andikape yo patisipe nan yon pwogram oswa yon aktivite sante).

57 29 U.S.C. § 794(a)–(b); gade Basta v. Novant Health Incorporated, 56 F.4th 307, 318 (4yèm Sikwi 2022) (yon mari soud te depoze yon plent anba Lwa Reyabilitasyon an kont yon lopital ki te refize ba li yon entèprèt Lang Siy Ameriken (ASL) epi ki te ba li yon aparèy asistans ki pa efikas pandan li t ap eseye aji kòm reprezantan medikal madanm li pandan akouchman li).

58 42 U.S.C. §§ 12132, 12182(a) (“Pèsonn pa dwe sibi diskriminasyon nan men nenpòt moun ki posede, ki lwe (oswa k ap jere) yon kote sèvis piblik, akoz andikap li nan jwisans konplè ak egal byen, sèvis, enstalasyon, privilèj, avantaj, oswa akomodasyon nan nenpòt kote piblik.”).

59 N.Y. Exec. Law § 296(2)(a) (ki entèdi tou diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal); gade Loeffler v. Staten Island Univ. Hosp., 582 F.3d 268, 277–78 (2yèm Sikwi 2009) (konstate pwoblèm reyalite materyèl konsènan si lè yon lopital pa bay yon entèprèt ASL pou yon pasyan soud ak madanm li, epi fòse pitit yo aji kòm entèprèt, te konstitiye vyolasyon Lwa sou Dwa Moun Eta a ak vil la, pami lòt lwa).

60 N.Y.C. Admin. Code § 8-107(4) (entèdi tou diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal); gade Loeffler, 582 F.3d nan paj 277–78.

61 Gid sa a itilize tèm “Elèv k ap aprann Anglè (ELL)” nan plas “moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè (LEP)” lè l ap pale sou elèv yo.

62 EEOA entèdi refi “opòtinite edikasyon egal pou yon moun akoz orijin nasyonal li,” tankou lè “yon ajans edikasyon pa pran mezi apwopriye pou simonte baryè lengwistik ki anpeche patisipasyon egal elèv li yo nan pwogram enstriksyon li yo.” 20 U.S.C. § 1703(f).

63 *Id.; gade Issa v. Sch. Dist. of Lancaster,* 847 F.3d 121, 140 (3yèm Sikwi 2017) (elèv LEP yo te gen anpil chans pou yo genyen yon pwosè anba EEOA an kont yon distri lekòl ki te bay elèv sa yo yon edikasyon ki pat bon kalite); Methelus v. Sch. Bd. of Collier Cnty., Fla., 243 F. Supp. 3d 1266, 1277 (M.D. Fla. 2017) (akizasyon ki di yon distri lekòl refize enskri elèv LEP yo nan yon lekòl piblik epi voye yo pito nan yon pwogram pou granmoun ki pa bay kredi te konstitiye yon vyolasyon EEOA); New York by Schneiderman v. Utica City Sch. Dist., 177 F. Supp. 3d 739, 753 (N.D.N.Y. 2016) (akizasyon kote distri a te detounen elèv LEP yo, voye yo nan yon pwogram altènatif ki pa gen bon kalite te konstitiye yon vyolasyon EEOA); T.R. v. Sch. Dist. of Philadelphia, 223 F. Supp. 3d 321, 335 (E.D. Pa. 2016) (akizasyon kote distri a pa te bay sèvis tradiksyon adekwat pou elèv LEP ki andikape yo te konstitiye yon vyolasyon EEOA).

64 Nan ka enpòtan Lau v. Nichols la, Lakou Siprèm nan te deside yon distri lekòl te vyole entèdiksyon kont diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal anba Tit VI la lè li pa te ofri ansèyman bileng pou elèv Chinwa-Ameriken k ap Aprann Anglè yo (ELL). 414 U.S. 563, 567-68 (1974); gade 42 U.S.C. § 2000d. Pandan yon lòt desizyon Lakou Siprèm apre sa te egzamine kesyon responsabilite pou "enpak disparat" anba Tit VI la, gade Alexander v. Sandoval, 32 U.S. 275 (2001), tribinal yo kontinye apiye sou rekonesans Lau a pou diskriminasyon lengwistik kòm yon fòm diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal pou rezon responsabilite Tit VI la. Gade, pou egzanp, T.R. v. Sch. Dist. of Phila., 223 F. Supp. 3d 321, 335 (E.D. Pa. 2016) Anpil tribinal federal te deside diskriminasyon ki baze sou lang konstitiye yon fòm diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal ki entèdi pa Tit VI.") (koleksyon jirispridans); United States v. Maricopa Cnty., Ariz., 915 F. Supp. 2d 1073, 1079 (D. Ariz. 2012) ("[Jirispridans ki etabli depi lontan, politik federal yo, ak entèpretasyon ajans yo fè sou politik sa yo sipòte opinyon diskriminasyon ki baze sou lang konstitiye yon fòm diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal anba Tit VI.").

65 20 U.S.C. § 1414(b)(3)(A) (ki egzije pou yo "bay epi administre nan lang ak fòm ki gen plis chans pou bay enfòmasyon ki egzat" "evalyasyon yo ak lòt materyèl evalyasyon" yo.); gade tou id. § 1412(a)(6)(B) (ki egzije pou Eta ki resevwa lajan federal pou pwogram elèv ki gen andikap asire egzamen ak evalyasyon pou bay elèv yo sèvis ki fèt nan lang prensipal elèv yo oswa nan fòm yo kominike yo, sof si li klèman enposib pou yo fè sa).

66 *Id.* § 1414(d)(3)(B).

67 *Id.* §§ 1415(b)(4), 1439(a)(7).

68 8 N.Y.C.R.R. § 154-2.1(a) ("Chak distri lekòl dwe garanti elèv k ap Aprann Anglè yo (ELL) aksè egal nan tout pwogram ak sèvis lekòl distri a ofri, ki apwopriye pou laj ak nivo klas elèv yo, tankou aksè nan pwogram ki nesesè pou elèv yo jwenn diplòm yo.").

69 N.Y. Const. art. XI, § 1 (“Lejislati a dwe asire antretyen ak sipò yon sistèm lekòl piblik gratis, kote tout timoun nan eta sa a ka resevwa edikasyon.”); Campaign for Fiscal Equity, Inc. v. State, 86 N.Y.2d 307, 315 (1995) (Konstitisyon Eta a garanti yon edikasyon debaz solid); gade Aristy-Farer v. State, 29 N.Y.3d 501, 514-15 (2017) (moun ki pote plent yo te site yon vyolasyon konstitisyon Eta a lè distri lekòl yo te rankontre pwoblèm, tankou echèk “pwogram Anglè kòm Dezyèm Lang lan (ESL”).

70 Seksyon 3201(1) nan Lwa sou Edikasyon Nouyòk la (New York Education Law) deklare: “Yo pa dwe refize pèsonn admisyon nan, oswa eskli nan, okenn lekòl piblik Eta New York akoz ras, kwayans, koulè, oswa orijin nasyonal.” Lwa sou Dwa Moun nan Eta a entèdi nenpòt enstitisyon edikasyon pou li “refize nenpòt moun ki kalifye itilize lokal li yo, oswa pou li pèmèt asèlman sou nenpòt elèv oswa kandida, akoz” ras yo, andikap yo, orijin nasyonal yo, oswa estati sitwayènte yo, pami lòt estati lalwa pwoteje. N.Y. Exec. Law § 296(4). Sa aplikab pou lekòl piblik yo, lekòl prive ki pa nan yon konfesyon relijye, kolèj ak inivèsite prive (ki la pou fè pwofi) ki pa relijye, lekòl pwofesyonèl prive ki gen lisans, ak lekòl pou moun k ap aprann Anglè. Id. § 292(40) (a)–(c). Nan kontèks Lwa sou Dwa Moun nan Vil New York ki sanble ak sa, Premye Chanm nan Kou Dapèl la te konkli “diskriminasyon kont moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè (LEP) [...] konstitiye diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal.” Boureima v. N.Y.C. Hum. Res. Admin., 128 A.D.3d 532, 533 (1ye Chanm 2015). Jan yo aplike entèdiksyon NYSHRL la kont diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal pou diskriminasyon ki baze sou lang lan konsistan avèk règ entèpretasyon lalwa a, ki egzije pou tribinal yo entèprete entèdiksyon li yo “nan yon fason ki laj pou reyalize objektif korektif [NYSHRL] la, kèlkeswa si lwa federal sou dwa sivil yo, tankou lwa ki gen dispozisyon ki ekri menm jan ak dispozisyon [NYSHRL] la, te jwenn entèpretasyon sa a oswa non.”N.Y. Exec. Law § 300.

Pèsonn pa dwe, akoz ras li, kwayans li, koulè li, orijin nasyonal li, [...] oswa andikap li [...] viktim diskriminasyon nan egzèsis dwa sivil li [...] nan men okenn lòt moun, yon biznis, yon sosyete oswa yon enstitisyon, oswa nan men yon Eta, yon ajans oswa yon sibdivizyon nan Eta a.” Lwa sou Dwa Sivil Eta New York § 40-c(2). Sa aplikab pou diskriminasyon nan anviwònman edikasyon atravè mwayen Lwa Egzekitif la, ki deklare “yo rekonèt epi deklare kòm yon dwa sivil posibilite pou jwenn aksè nan edikasyon [...] san diskriminasyon ki baze sou [...] orijin nasyonal [...] oswa andikap [...].” N.Y. Exec. Law § 291(2).

71 *Gade, e.g.*, 8 NYCRR § 154-2.1(a).

72 *Id.* § 117.3.

73 *Id.* § 117.3(b)(2).

74 N.Y. Educ. Law § 3204(2-a)–(2); 8 NYCRR § 154-2.1(a). Pou plis enfòmasyon sou kondisyon edikasyon bileng, gade 8 NYCRR §§ 154-2.2(b), 154-2.3(h)(3). Pou plis enfòmasyon sou kondisyon pwogram Anglè Kòm Yon Dezyèm Lang (English as a New Language), gade id. §§ 154-2.2(h), 154-2.3(h)(1)–(2). Gade tou N.Y. Educ. Law § 3204(3)–(8)(ki dekri kritè elijibilite ak kondisyon pou pwogram edikasyon bileng ak pwogram Anglè Kòm Yon Nouvo Lang, epi ki bay distri yo pouvwa pou mete resous ak pwogram siplemantè pou elèv ELL yo, paran yo, ak lòt moun).

Chak distri lekòl dwe ofri yon pwogram Anglè Kòm Yon Dezyèm Lang pou tout nivo klas. 8 NYCRR § 154-2.3(h)(1)–(2). Anplis, chak ane, distri lekòl yo dwe estime kantite elèv ELL ki ta dwe enskri nan chak lekòl ak nan chak nivo klas pou ane lekòl k ap vini an. Id. § 154-2.3(d)(1). Distri ki prevwa resevwa 20 elèv ELL oswa plis nan menm nivo klas epi ki gen menm lang prensipal ki pa anglè, nan plis pase yon lekòl, dwe ofri pwogram ansèyman bileng pou omwen 70% nan elèv ELL yo estime pou ane lekòl k ap vini an. Id. § 154-2.3(d)(2).

Distri ki prevwa resevwa 20 elèv ELL oswa plis nan menm nivo klas epi ki gen menm lang prensipal ki pa anglè nan menm lekòl la, dwe ofri chak elèv ELL yon pwogram ansèyman bileng nan lekòl sa a pou ane lekòl k ap vini an. Id. § 154-2.3(d)(4). Distri yo dwe ofri chak elèv ELL "posibilite pou yo transfere l nan yon lòt lekòl nan distri a ki ofri yon pwogram edikasyon bileng pou menm nivo ak menm lang lan" si lekòl kote l ye kounye a pa genyen l. Distri a dwe asire transpò lekòl (bis) pou elèv la tou si yo abitye ofri lòt elèv yo sèvis sa a. Id. § 154-2.3(d)(5); gade tou id. § 154-2.3(d)(6) (ki prevwa kèk eksepsyon limite pou egzijans ki nan 8 NYCRR § 154-2.3(d)).

75 *Id.* § 154-2.1(b).

76 Dekrè konsantman (consent decree) 1974 la nan afè Aspira of New York, Inc. v. Board of Education of the City of New York la toujou an vigè e dènye dekrè federal yo pa afekte li. "Dekrè a te prevwa yon pwogram konplè: pou metòd pou idantifye moun ki ka benefisye ansèyman bileng, pou fòmilasyon estanda edikasyon ki enpòtan, preparasyon ak distribisyon materyèl ansèyman, rekritman ak fòmasyon anplwaye yo, jwenn finansman ki apwopriye, konsiltasyon kontinyèl ak moun ki pote plent yo, rapò peryodik, ak yon seri lòt mezi..." Aspira of New York, Inc. v. Bd. of Educ. of City of New York, 423 F. Supp. 647, 649 (S.D.N.Y. 1976) (Tribinal la te jwenn akize yo koupab mepri tribinal paske yo pa te respekte dekrè konsantman an). Dekrè konsantman an disponib nan adrès sa a: https://history.nycourts.gov/wp-content/uploads/2024/09/Aspira-Consent-Decree-8-29-74.pdf.

77 20 U.S.C. §§ 1400, 1412(a)(1)(A); gade Endrew F. ex rel. Joseph F. v. Douglas Cty. Sch. Dist. RE-1, 580 U.S. 386, 399, 403 (2017) ("Pou yon lekòl ranpli obligasyon sibstansyèl li genyen dapre IDEA, li dwe ofri yon Pwogram Edikasyon Endividyalize, oswa "IEP" ki byen kalkile pou pèmèt yon timoun fè pwogrè ki apwopriye selon sitiyasyon li.").

78 Moun k ap pote plent lan dwe itilize tout rekou ki disponib nan kad IDEA anvan li ka egzèse rekou ki disponib nan kad ADA ak Lwa sou Reyabilitasyon. 20 U.S.C. § 1415(l) ("Okenn dispozisyon nan lwa [IDEA] a pa ka entèprete kòm yon restriksyon oswa yon limit sou dwa, pwosedi, ak rekou ki disponib dapre Konstitisyon an, lwa sou Ameriken ki gen Andikap ane 1990 la (ADA), Tit V Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la, oswa lòt lwa federal ki pwoteje dwa timoun ki gen andikap yo; sof si anvan yon moun depoze yon aksyon sivil dapre lwa sa yo pou l mande yon reparasyon ki disponib tou nan sou-chapit sa a," sèten pwosedi ki nesesè dapre IDEA dwe fin fèt nèt); gade Fry v. Napoleon Cmty. Schs., 580 U.S. 154, 170–71 (2017) ("An rezime, IDEA garanti sèvis edikasyon ki adapte pou chak moun, alòske Tit II ak Atik 504 pwomèt yon aksè san diskriminasyon nan enstitisyon piblik yo."); B. v. Bd. of Educ. Hinsdale Twp., Hinsdale High Sch. Dist. 86, No. 24 CV 12218, 2025 WL 1666697, *3–6 (N.D. Ill. 12 Jen 2025) (k ap diskite sou relasyon ki genyen ant lwa IDEA, ADA, ak Lwa sou Reyabilitasyon an, ansanm ak egzijans pou fin epuize tout pwosedi administratif lwa IDEA yo anvan); gade tou K.M. ex rel. Bright v. Tustin Unified Sch. Dist., 725 F.3d 1088, 1100 (9yèm Sikwi 2013) ("Nan sèten sitiyasyon, men se pa nan tout, lekòl yo ka gen obligasyon dapre ADA pou yo bay elèv ki soud oswa ki gen difikilte pou tande sèvis ki diferan ak sa lwa IDEA mande yo.").

79 *Bd. of Educ. Hinsdale Twp.,* 2025 WL 1666697, *4 (ki site politik Depatman Jistis yo pou aplikasyon ADA, ki kodifye nan 28 C.F.R. § 35.160(a)(1)).

80 *Id.*

81 *Gade jeneralman Los Angeles Unified Sch. Dist. v. A.O. by & through Owens,* 92 F.4th 1159, 1178 (9yèm Sikwi 2024) (distri a te vyole lwa IDEA lè li pa te presize frekans ak dire sèvis terapi lapawòl ak odyoloji nan IEP yo te pwopoze a).

82 Gade K.M. ex rel. Bright, 725 F.3d,1103 (ranvwaye ka a devan tribinal distri a pou detèmine si ADA te egzije distri a bay sèvis tradiksyon mo pou mo nan tan reyèl pou aksè nan kominikasyon).

83 *Gade Bd. of Educ. Hinsdale Twp.,* 2025 WL 1666697, *1 (ki pale sou mwayen ak sèvis oksilyè distri lekòl la bayt).

84 Tit II nan ADA, 42 U.S.C. § 12132, aplike pou lekòl piblik yo, alòske Tit III, id. § 12182, aplike pou lekòl prive yo. Gade Berardelli v. Allied Servs. Inst. of Rehab. Med., 900 F.3d 104, 115 (3yèm Sikwi 2018) (Tit III nan ADA gen ladan l yon gran varyete etablisman ki ouvè pou moun ki pa gen andikap, sa gen enkli lekòl prive yo, kit yo resevwa oswa yo pa resevwa finansman federal." (sitasyon senplifye).

85 Seksyon 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon an aplikab pou lekòl ki resevwa asistans finansye federal. 29 U.S.C. § 794(a)–(b)(2)–(3).

86 Seksyon 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon an aplikab tou pou kolèj ak inivèsite ki resevwa asistans finansye federal. Id. § 794(a)–(b)(2).

87 Lwa sou Dwa Moun Eta New York la entèdi nenpòt enstitisyon edikasyon pou li «refize nenpòt moun ki kalifye sèvi ak lokal li yo, oswa pou li pèmèt asèlman sou nenpòt elèv oswa kandida, akoz andikap li, pami lòt estati lalwa pwoteje. N.Y. Exec. Law § 296(4). Sa aplikab pou lekòl piblik yo, lekòl prive ki pa nan yon konfesyon relijye, kolèj ak inivèsite prive (ki la pou fè pwofi) ki pa relijye, lekòl pwofesyonèl prive ki gen lisans, ak lekòl Anglè kòm Dezyèm Lang. Id. § 292(40)(a)–(c). Lwa sou Dwa Sivil nan Eta Nouyòk la etabli tou "[Pèsonn pa dwe, akoz ... andikap li ... viktim diskriminasyon nan egzèsis dwa sivil li ... nan men okenn lòt moun, yon biznis, yon sosyete oswa yon enstitisyon, oswa yon Eta, yon ajans oswa yon sibdivizyon nan Eta a." Lwa sou Dwa Sivil Eta New York § 40-c(2). Sa aplikab pou diskriminasyon nan anviwònman edikasyon ak mwayen Lwa Egzekitif la, ki deklare yo rekonèt epi deklare kòm yon dwa sivil "posibilite pou jwenn aksè nan edikasyon ... san diskriminasyon ki baze sou ... andikap ...." N.Y. Exec. Law § 291(2).

88 *Rothschild v. Grottenthaler*, 907 F.2d 286, 288, 293 (2yèm Sikwi 1990) (Lwa sou Reyabilitasyon an egzije lekòl piblik ki resevwa asistans finansye federal yo peye sèvis entèprèt lang siy pou paran ki soud menm si pitit yo tande byen, nan aktivite lekòl la òganize).

89 *Gade* 20 U.S.C. §§ 1414–1415; *Winkelman ex rel. Winkelman v. Parma City Sch. Dist*., 550 U.S. 516, 524 (2007) (Lwa IDEA "etabli garanti pwosedi jeneral ki pwoteje patisipasyon eklere paran yo nan devlopman yon pwogram edikatif pou pitit yo."); T.R. v. Sch. Dist. of Philadelphia, 223 F. Supp. 3d 321, 330 (E.D. Pa. 2016) (akizasyon kote distri lekòl la te anpeche paran LEP yo "patisipe efektivman nan planifikasyon ak nan pran desizyon k ap pran nan pwosesis IEP la" paske yo pa te bay sèvis entèpretasyon ak tradiksyon adekwat, te sifi pou depoze yon plent anba lwa IDEA); gade tou Garcia v. Morath, 624 F. Supp. 3d 690, 696, 699 (W.D. Tex.2022), rapò ak rekòmandasyon adopte, No. 1:21-CV-1011-RP, 2023 WL 163978 (W.D. Tex. 10 Janvye 2023) (ki site politik federal yo ki entèprete seksyon 20 U.S.C. § 1415(b) mande pou lekòl ki resevwa lajan anba lwa IDEA bay akomodasyon pou asire paran yo ka konprann epi patisipe nan reyinyon ekip IEP yo).

90 *Id.* § 154-2.3(f)(1).

91 *Id.* § 154-2.3(f)(5).

92 *Id.*

93 *Id.* ("Reyinyon sa a dwe fèt nan prezans yon entèprèt/tradiktè kalifye nan lang oswa mòd kominikasyon paran an oswa moun k ap egzèse otorite paran an konprann pi byen.")

94 *Id.* § 100.2(l)(4) (ki deklare avi obligatwa sa a ak nenpòt reyinyon enfòmèl dwe fèt anvan sispansyon an kòmanse "eksepte si prezans elèv la nan lekòl la reprezante yon danje kontinyèl pou moun oswa pou byen lekòl la, oswa yon menas pèmanan k ap twouble dewoulman klas yo; nan ka sa a, avi a ak posibilite pou gen yon reyinyon enfòmèl dwe fèt pi vit posib apre sispansyon an).

95 N.Y. Educ. Law § 3214(3)(b)(1); 8 NYCRR § 100.2(l)(4). Pandan reyinyon enfòmèl la, "elèv la ak/oswa moun ki gen otorite sou li ap gen pèmisyon pou prezante vèsyon pa yo sou sa ki te pase a epi poze temwen k ap akize elèv la kesyon." N.Y. Educ. Law § 3214(3)(b)(1).

96 8 NYCRR § 100.2(l)(4).

97 N.Y. Educ. Law § 3214(3)(c)(1).

98 *Id*.

99 N.Y. State Office of Children and Family Servs., A Guide to Sch. Discipline and Sch. Suspensions for Youth, Parents, and Caregivers (Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York, Gid sou Disiplin ak Sispansyon Lekòl pou Jèn yo, Paran yo ak Moun k ap bay Swen yo) (Novanm 2019) ("Si lang prensipal yon elèv ak/oswa paran/gadyen li se pa Anglè, yo dwe mande prezans yon tradiktè pandan odyans [ekitab la]).

100 N.Y.C. Dep't of Educ., Regulation of the Chancelor A-663, Language Access for Parents (Depatman Edikasyon Vil New York, Politik Chanselye A-663, Aksè lengwistik pou paran yo (pibliye nan dat 20 Jen 2025), ki disponib nan adrès sa a https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-663-english.pdf.

101 N.Y. Exec. Law § 202-a(4)(a). Ou ka aprann plis sou dwa sa yo nan seksyon: "Aksè nan sèvis entèpretasyon ak tradiksyon" nan gid sa a.

Pifò tribinal ki te egzamine kesyon sa a deklare Lwa sou Dwa Moun nan Eta New York (NYSHRL), N.Y. Exec. Law § 296, ak vèsyon Vil New York la, Lwa sou Dwa Moun nan Vil New York (NYCHRL), N.Y.C. Admin. Code § 8-107, pa aplikab nan ka arestasyon ak lòt rankont nan lari ak ajan lapolis. Gade Letray v. New York State Division of Hum. Rts., 181 A.D.3d 1296, 1296 (4yèm Depatman 2020); *Madera v. U.S., No. 24-CV-2903 (PKC), 2025 WL 1019139, 8 (S.D.N.Y. 4 avril 2025); *O'Brien v. City of Syracuse, No. 5:22-CV-948 (MAD/TWD), 2023 WL 6066036, nan 24 n. 11 (N.D.N.Y. 18 Septanm 2023) (koleksyon jirispridans); D.H. v. City of N.Y., 309 F. Supp. 3d 52, 81 (S.D.N.Y. 2018). Men gade Matchett v. Brighton Police Dep't, No. 24-CV-6001-FPG, 2024 WL 4607728, 2 (W.D.N.Y. 29 oktòb 2024) ("Nòm legal ak analiz pou reklamasyon anba Lwa sou Reyabilitasyon, ADA [Lwa sou Ameriken ki gen Andikap], ak NYSHRL yo se menm bagay.") epi Williams v. City of N.Y., 121 F. Supp. 3d 354, 364 n. 10 (S.D.N.Y. 2015) ("Pwoteksyon NYSHRL la bay yo entèprete menm jan ak ADA… Si moun ki pote plent lan ka pwouve responsabilite anba ADA, l ap pwouve l tou anba Seksyon 504, NYSHRL, ak NYCHRL").

102 N.Y. Exec. Law § 202-a(1).

103 N.Y. Office of Gen. Servs., Language Access Plan for Individuals with Limited English Proficiency (Biwo Sèvis Jeneral Eta New York, Plan Aksè Lengwistik pou Moun ki gen yon Polis Eta New York), 1ye oktòb 2024, https://ogs.ny.gov/system/files/documents/2024/10/nys-lap-2024_nysp.pdf, paj 5–7, 9–10.

104 *Id.*

105 *Id*. at 9–10.

106 *Id*.

107 N.Y.C. Admin. Code § 23-1102(a); NYPD, Patrol Guide, Procedure No. 212-90: Guidelines for Interaction with Limited English Proficient Persons (NYPD, Gid Patwouy, Pwosedi No. 212-90: Gid pou Entèraksyon ak Moun ki gen Konpetans Limite nan lang Anglè (LEP)), https://www.nyc.gov/assets/nypd/downloads/pdf/public_information/public-pguide2.pdf (ki bay detay sou responsabilite ofisye NYPD yo ak lòt anplwaye NYPD yo nan asistans lengwistik).

108 NYPD, 2024 NYPD Language Access Implementation Plan (NYPD, Plan Enplemantasyon Aksè Lengwistik NYPD 2024) (apre sa, yo rele li "Plan Aksè Lengwistik, https://www.nyc.gov/assets/nypd/downloads/pdf/eeo/2024-nypd-language-access-implementation-plan.pdf, paj 2, 4; gade tou NYPD, Patrol Guide, Procedure (NYPD, Gid Patwouy), No. 212-90. Si pa gen sikonstans ijan ki grav anpil, se sèlman pèsonèl depatman an sètifye kòm entèprèt ki dwe verifye detay sou ensidan an lè y ap reponn apèl pou vyolans domestik ki enplike moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè (LEP), epi se sèlman entèprèt depatman an sètifye yo dwe itilize nan kad entèwogatwa moun ki an detansyon ki gen konpetans limite nan lang Anglè. NYPD, Plan Aksè Lengwistik, paj 9–10.

109 NYPD, *Plan Aksè Lengwistik*, paj 4.

110 *Id.* at 10.

111 N.Y. Crim. Procedure Law § 530.11(6).

112 (ICE, Performance-Based National Detention Standards 2011) ICE, Estanda Nasyonal pou Detansyon ki baze sou Pèfòmans 2011 (Revize an Desanm 2016), https://www.ice.gov/doclib/detention-standards/2011/pbnds2011r2016.pdf (dènye konsiltasyon 15 Out 2025). Selon nòm sa yo, « Etablisman an pral bay moun ki nan detansyon ki gen andikap yo mwayen pou yo kominike yon fason ki efikas, sa ki ka gen ladan yo bay mwayen oksilyè, tankou moun pou li pou yo, dokiman an bray, anrejistreman odyo, anplifikatè pou telefòn, telefòn ki konpatib ak aparèy pou tande, aparèy telekominikasyon pou moun soud (TTY), entèprèt ak moun pou pran nòt, selon bezwen yo. Etablisman an pral bay detni LEP yo asistans lengwistik tou, espesyalman pèsonèl bileng oswa sèvis entèpretasyon ak tradiksyon pwofesyonèl, pou pèmèt yo jwenn aksè tout bon vre nan pwogram ak aktivite li yo. Tout dokiman ekri yo bay detni yo pral tradui anjeneral an panyòl. Nan limit sa posib, y ap pran dispozisyon pou asire tradiksyon ekri pou lòt gwoup enpòtan nan popilasyon an ki

gen Konpetans Limite nan lang Anglè. Y ap bay entèpretasyon oswa asistans oral pou nenpòt detni ki pale yon lòt lang tradiksyon dokiman ekri yo pa disponib ladan l oswa ki pa konn li ak ekri."

113 42 U.S.C. § 12132; gade Seremeth v. Bd. of Cnty. Comm'rs, 673 F.3d 333, 338 (4yèm Sikwi 2012) ADA aplike pou entèwogatwa lapolis).

114 *Gade Matchett*, 2024 WL 4607728, *1–5 (moun ki pote plent ki soud te depoze plent dapre ADA ak Lwa sou Reyabilitasyon an kont ajan fòs lòd ki pa te bay entèprèt Lang Siy Ameriken (ASL) lè yo t ap reponn yon apèl 911 nan sèvis ijans moun sa yo te fè, malgre moun ki te pote plent yo te mande yon entèprèt); Williams, 121 F. Supp. 3d, 363–69 (Tribinal la te konkli gen yon kesyon ki merite jije pou konnen si akoz ajan yo pa te bay yon moun soud yo te arete yon entèprèt oswa mwayen oksilyè pandan arestasyon an te konstitiye yon vyolasyon ADA ak Lwa sou Reyadaptasyon an).

115 *Bax v. Doctors Med. Ctr. Of Modesto, Inc.*,52 F.4th 858, 869 (9yèm Sikwi 2022); Matchett, 2024 WL4607728, *2.

116 *Seremeth, 673 F.3d nan paj 339 ("[T]he consideration of exigent circumstances is included in the determination of the reasonableness of the accommodation."); Williams, 121 F. Supp. 3d nan paj 367 (same, quoting Seremeth)*).

117 29 U.S.C. § 794(a); gade Lopez Cano v. Decker, No. 22 CIV. 7428 (AKH), 2022 WL 17584156, *4 (S.D.N.Y. 12 Desanm 2022) ("Pa gen okenn dout DHS ak ICE se ajans egzekitif dapre sans lwa [sou Reyabilitasyon an]."); Matchett, 2024 WL 4607728, *2 (ki aplike menm estanda jidisyè ak menm analiz yo pou demann ki fèt anba lwa sou reyabilitasyon an ak ADA).

118 29 U.S.C. § 794(a).

119 *Gade Miranda v. Arizona,* 384 U.S. 436, 444 (1966) ("Anvan nenpòt entèwogatwa, yo dwe avèti moun [ki nan prizon an] li gen dwa pou l rete an silans, nenpòt deklarasyon li fè ka sèvi kòm prèv kont li, epi li gen dwa pou yon avoka prezan, kit se li ki peye l oswa se Eta a ki nonmen l. Akize a ka chwazi renonse ak dwa sa yo, depi li fè sa volontèman, avèk konesans, epi ak tout entèlijans li."); United States v. Perez-Lopez, 348 F.3d 839, 847–49 (9yèm Sikwi 2003) ("deklarasyon ki montre akize a koupab apre Miranda, yo ta dwe rejte yo kòm prèv paske yo te mal jwenn yo" nan sitiyasyon kote avètisman Miranda a te mal tradui); Rivera v. Granucci, No. CIV. N-87-480 (JAC), 1993 WL 76202, nan *7 (D. Conn. 12 Mas 1993) ("Avètisman Miranda yo efikas sèlman si moun yo arete a konprann yo. Si yo pa bay yon moun yo arete a avètisman Miranda nan pwòp lang li, sa ka rann deklarasyon moun nan fè apre sa pa valab devan tribinal paske li pa te renonse ak dwa li yo, dapre Senkyèm ak Sizyèm Amannman yo, avèk konesans").

Admisyon responsabilite kriminèl devan ajan ICE yo gen dwa jwenn menm pwoteksyon yo. *Gade U.S. v. Mahmood,* 415 F. Supp. 2d 13, 15, 20 (D. Mass. 2006) (ki rejte deklarasyon kriminèl yon moun ki pa sitwayen te fè bay ajan ICE ki te neglije enfòme l sou dwa li genyen pou l rete an silans anvan yo te entèwoje l pandan li te nan detansyon). Sepandan, dwa Senkyèm Amannman sa yo ka pa aplikab nan pwosedi sivil tribinal imigrasyon yo, tankou pwosedi depòtasyon. Zuniga v. Garland, 86 F.4th 1236, 1239 (9yèm Sikwi 2023) ("Distenksyon enpòtan ki genyen ant yon pwosedi depòtasyon ak yon pwosè kriminèl rann avètisman Miranda yo pa apwopriye nan kontèks depòtasyon."); Trias-Hernandez v. I.N.S., 528 F.2d 366, 369 (9yèm Sikwi 1975) ("Absans entèprèt pandan premye entèwogatwa an pa pèmèt yon konklizyon, sou baz dosye sa a, kòmkwa itilizasyon deklarasyon an nan odyans depòtasyon an te fondamantalman enjis."); cf. Rajah v. Mukasey, 544 F.3d 427, 443 (2yèm 2008) "[Pa te gen… okenn privilèj dapre Senkyèm Amannman pou [moun ki pa sitwayen] refize prezante dokiman imigrasyon oswa refize reponn kesyon sou estati imigrasyon yo" pandan entèvyou pou yon pwogram anrejistreman Depatman Sekirite Enteryè a). Men, gade Matter of Garcia, 17 I. & N. Dec. 319, 321 (BIA 1980) (ki te kanpe pwosedi depòtasyon apre li te fin konkli "admisyon moun nan ki te sèvi kòm baz pou desizyon depòtasyon an te fèt anba fòs epi egzijans pwosesis legal ekitab [due process] jistifye pou yo retire yo nan dosye a"); Matter of Toro, 17 I. & N. Dec. 340, 343 (BIA 1980) ("Pou yon prèv ka akseptab nan yon pwosedi depòtasyon, li dwe yon prèv ki sèvi kòm prèv tout bon epi fason yo sèvi avè l la dwe fondamantalman jis pou sa pa anpeche entime yo jwenn pwosesis legal ekitab jan Senkyèm Amannman an mande l la. … Sikonstans ki antoure yon arestasyon ak yon entèwogatwa … ka, nan kèk ka, rann yon prèv inadmisib dapre kloz pwosesis legal ekitab ki nan Senkyèm Amannman an."); gade tou Anim v. Mukasey, 535 F.3d 243, 256 (4yèm Sikwi 2008) (ki esplike "Règ Federal sou Prèv yo pa aplikab nan pwosedi imigrasyon yo, epi desizyon sou prèv yo limite sèlman pa egzijans pwosedi legal ekitab la [due process].").

120 *Gade Schneckloth v. Bustamonte, 4*12 U.S. 218, 248–49 (1973) (Lè "Eta a eseye jistifye yon fouy sou baz… konsantman, Katriyèm ak Katòzyèm Amannman yo mande pou li demontre moun nan te bay konsantman an volontèman tout bon, epi se pa t rezilta presyon oswa fòs, kit se klèman oswa an kachèt. Karaktè volontè a se yon kesyon reyalite ki dwe detèmine dapre tout sikonstans yo."); United States v. Wilson, 11 F.3d 346, 351 (2yèm Sikwi 1993) (li remake nan yon opinyon legal "edikasyon limite ak konpetans limite nan lang Anglè [akize a], ansanm ak lefèt yo pa t enfòme l sou dwa li genyen pou l refize bay konsantman pou [ajan brigad dwòg yo] fouye apatman li, fè nou doute li te bay konsantman pou fouy sa a tout bon vre, espesyalman lè nou konsidere jan ajan yo te antre nan apatman an yon fason brital).

121 *Gade United States v. Marchi*, No. 317CR000553VLB, 2018 WL 1409819, *8, 11 (D. Conn. 21 Mas 2018) ("konpetans limite nan lang Anglè" se te youn nan plizyè faktè ki te konbine pou etabli konsantman pou fouye yon kay pa te fèt volontèman epi yo dwe rejte prèv yo te jwenn pandan fouy sa a).

122 52 U.S.C. §§ 10301, 10303(f)(2) (ki entèdi pratik ak pwosedi ki lakoz yo refize oswa limite dwa pou vote paske yon sitwayen se manm yon "gwoup minorite lengwistik" ki pa pale Anglè). Nan Eta yo ak divizyon politik ki konsène yo, tout bilten vòt ak materyèl elektoral dwe disponib nan lang gwoup minorite lengwistik ki kalifye yo. Id. § 10503; gade OCA-Greater Houston v. Texas, 867 F.3d 604, 615 (5yèm Sikwi 2017) (ki deside yon lwa sou vòt nan Texas ki te limite asistans entèpretasyon pou elektè ki gen konpetans limite nan lang Anglè [LEP] te vyole Lwa sou Dwa pou Vote [VRA]); In re Cnty. of Monterey Initiative Matter, 427 F. Supp. 2d 958, 964 (N.D. Cal. 2006) (ki mande pou yon konte ki konsène bay tradiksyon an Panyòl pou yon petisyon ki gen rapò ak eleksyon).

123 52 U.S.C. § 10503(e) (ki defini "minorite lengwistik" ak "gwoup minorite lengwistik").

124 *Id.* § 10503(c) ("Chak fwa nenpòt Eta oswa divizyon politik ki anba... seksyon sa a bay avi enskripsyon oswa avi pou vote, fòmilè, enstriksyon, asistans, oswa lòt materyèl oswa enfòmasyon ki gen rapò ak pwosesis elektoral la, sa gen ladan bilten vòt yo, li dwe bay yo nan lang gwoup minoritè ki konsène a ansanm ak nan lang Anglè...."); id. § 21041(a) (Lwa Ede Amerika Vote). Lwa Ede Amerika Vote a prevwa anplis Komisyon Asistans Elektoral "dwe bay sibvansyon pou ede antite yo fè rechèch ak devlopman pou amelyore kalite, fyabilite, presizyon, aksesibilite, pri, ak sekirite ekipman pou vote, sistèm eleksyon, ak teknoloji pou vote," epi li mande pou moun k ap aplike pou sibvansyon yo sètifye aktivite rechèch ak devlopman ki finanse a "ap pran an konsiderasyon... nesesite pou bay lòt opsyon aksè lengwistik pou moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè (dapre egzijans Lwa sou Dwa pou Vote 1965 la)." Id. § 21041(a)–(b)(1).

125 52 U.S.C. § 10508; *gade Arkansas United v. Thurston*, 517 F. Supp. 3d 777, 786 (W.D. Ark. 2021) (ki deside 52 U.S.C. § 10508 aplikab pou elektè LEP yo).

126 *Gade jeneralman* 52 U.S.C. § 10503.

127 *Id.* § 10503(c)*; gade tou id.* § 10503(b)(3)(A) (ki defini "materyèl elektoral").

128 Amannman nan Lwa sou Dwa pou Vote 2006 la, Desizyon anba Seksyon 203, 86 Fed. Reg. 69611, 69615 (8 Desanm 2021).

129 Lwa NYVRA a defini "minorite lengwistik" ak "gwoup minorite lengwistik" kòm "moun ki se Ameriken Endyen, Azyatik Ameriken, natif Alaska oswa moun ki gen eritaj Panyòl." N.Y. Elec. Law § 17-204(5-a).

130 *Id.* § 17-208(1)(a).

131 *Id.* § 17-208(1)(b).

132 *Id.* § 17-208(2).

133 *Gade Boureima v. New York City Hum. Res. Admin.,* 128 A.D.3d 532, 533 (1ye Depatman 2015) ("[D]iskriminasyon kont moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè (LEP) ... konstitiye diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal" dapre Lwa sou Dwa Moun nan Vil New York).

134 N.Y. Exec. Law § 296(2)(c)(i)–(ii) (ki defini "pratik diskriminatwa" kòm sa ki gen ladan yo "refize fè modifikasyon rezonab nan politik, pratik, oswa pwosedi yo, lè modifikasyon sa yo nesesè pou bay moun ki gen andikap yo aksè nan enstalasyon yo, privilèj, avantaj, oswa akomodasyon yo," epi ki gen ladan tou "refize pran etap ki ka nesesè pou asire okenn moun ki gen andikap pa ekskli oswa pou yo pa refize yo sèvis poutèt absans mwayen ak sèvis oksilyè," sof si "modifikasyon sa yo ta chanje fondamantalman nati enstalasyon yo, privilèj, avantaj, oswa akomodasyon sa yo").

135 N.Y. Exec. Law § 296.

136 N.Y. Civ. Rts. Law § 40-c(2).

137 N.Y. Exec. Law § 291(1)–(2) (ki prevwa opòtinite pou jwenn yon travay; jwenn yon edikasyon; sèvi ak kote ki ouvri pou piblik la; epi posede, itilize, ak okipe lojman ak espas piblik san diskriminasyon ki baze sou "laj, ras, kwayans (kred), koulè, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon sèks, estati militè, sèks, eta sivil, oswa andikap, rekonèt epi deklare la a kòm yon dwa sivil"); gade id. § 292(9) (ki defini "kote pou akomodasyon piblik, sant lwazi, oswa amizman").

138 N.Y.C. Admin. Code § 8-107 (epi li bay tou yon responsablite legal pou enpak diskriminatwa).

139 *Gade* Buffalo Code § 154-11 (ki entèdi diskriminasyon, sa gen ladan diskriminasyon sou baz orijin nasyonal ak andikap); id. § 154-13 (ki defini "orijin nasyonal" dapre Lwa sou Lojman Ekitab kòm "eritaj zansèt, kote moun fèt, kilti, oswa lang"); Rochester Code Ch. 63, Art. I (Dwa Moun); Albany Code Ch. 48, At. III (Lwa Omnibus sou Dwa Moun).

140 *Gade* N.Y. Exec. Law § 202-a(1). Biwo Aksè Lengwistik (OLA) (https://ogs.ny.gov/office-language-access), ki fè pati Biwo Sèvis Jeneral yo, gen misyon pou asire ajans yo suiv Lwa sou Aksè Lengwistik la. Id. § 202-a(6). Rapò Anyèl OLA sou pwogrè ajans yo anba lwa sou aksè nan https://ogs.ny.gov/office-language-access-annual-report-2023-2024, jan lalwa mande sa. gade id. § 202-a(6).

141 *Id.* § 202-a(1).

142 N.Y. Office of Gen. Servs. New York State Language Access Law, Top 12 NYS non-English Languages (Biwo Sèvis Jeneral Eta New York, Lwa sou Aksè Lengwistik Eta New York, 12 Lang ki pa Anglè ki pale plis nan New York, https://ogs.ny.gov/new-york-state-language-access-law.

143 N.Y. Exec. Law § 202-a(5).

144 *Id.* § 202-a(4)(a).

145 *Id.* §§ 17-204(5-a), 17-208.

146 N.Y. Judiciary Law § 390(1) ("Chak fwa yon moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tanden se yon pati nan yon pwosedi legal nenpòt kalite, oswa li se yon temwen, yon jire, oswa yon moun ki ka vin jire ladan l, tribinal la dwe nonmen nan tout sikonstans yon entèprèt ki kalifye... pou entèprete pwosedi a pou moun sa a ki soud oswa ki tande gen dikilte pou tande a, epi pou entèprete temwayaj li "); 22 NYCRR § 217.1(a) ("Nan tout ka sivil ak kriminèl, lè yon tribinal detèmine yon pati oswa yon temwen, oswa yon paran oswa gadyen ki konsène pou yon minè ki se yon pati nan yon pwosedi nan Tribinal Fanmi, pa kapab konprann epi kominike nan lang Anglè nan yon nivo kote li pa ka patisipe valabman nan pwosedi tribinal yo, grefye tribinal la oswa yon lòt ofisye administratif deziyen dwe planifye yon entèprèt gratis pou entèprete nan telefòn oswa ak mwayen odyovizyèl an direk."); gade tou N.Y. Civil Practice Law and Rules (CPLR) 3114 ("Si temwen y ap egzamine a pa konprann lang Anglè a, pati k ap fè entèwogatwa a dwe bay yon tradiksyon pou tout kesyon ak repons yo sou pwòp depans pa li. Lè tribinal la ap fikse kesyon yo, li ka fikse yo nan lang etranje a ak nan lang Anglè").

147 N.Y. State Unified Court Sys., Language Access and Court Interpreters (Sistèm Jidisyè Inifye Eta New York, Aksè Lengwistik ak Entèprèt nan Tribinal), https://ww2.nycourts.gov/COURTINTERPRETER/index.shtml (yo site 22 NYCRR § 217 ak Judiciary Law § 390).

148 *Gade* N.Y. Dom. Rel. Law §§ 240(3)(10)(a-1), 252(1-a) ; N.Y. Family Court Act § 169.

149 10 NYCRR § 405.7. Anplis, si ou se yon pasyan nan yon kay retrèt (nursing home) oswa nan yon lòt etablisman k ap bay sèvis ki gen rapò ak sante, lwa Eta New York garanti w sèten dwa, sa gen ladan yo "dwa pou w resevwa swen medikal adekwat ak apwopriye, pou w jwenn enfòmasyon konplè sou kondisyon medikal ou ak tretman yo pwopoze w la epi pou w refize medikaman ak tretman apre yo fin ba w enfòmasyon konplè epi ou fin konprann konsekans aksyon sa yo." N.Y. Pub. Health Law § 2803-c(3)(e). Yo defini yon etablisman k ap bay sèvis ki gen rapò ak sante kòm yon etablisman ki bay oswa ki ofri "lojman, manje, ak swen fizik ki gen ladan yo, men ki pa limite a, anrejistreman enfòmasyon sou sante, sipèvizyon rejim alimantè, ak sèvis ijyèn sipèvize ki gen rapò ak sèvis sa a." Id. § 2801(4)(b). Depatman Sante a dwe bay etablisman sa yo yon deklarasyon ekri sou dwa pasyan yo nan dis (10) lang ki pi itilize yo ki pa lang Anglè. Id. § 2803-c(6).

150 10 NYCRR § 405.7; *gade tou* N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb.

151 N.Y. Pub. Health Law § 2803-bb; 10 NYCRR § 405.7.

152 N.Y. Educ. Law § 6829(2)(a); gade id. § 6829(1)(a) (ki defini famasi ki konsène yo kòm famasi ki fè pati yon gwoup uit (8) oswa plis famasi ki nan New York epi ki gen menm mèt); 8 NYCRR § 63.11(b)(1)–(2) (ki mande famasi fizik yo ak famasi k ap voye medikaman pa lapòs yo, pami lòt bagay, pou yo bay sèvis entèpretasyon oral ak tradiksyon ki konpetan epi gratis lè y ap bay moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè (LEP) konsèy sou medikaman doktè preskri, lè y ap rasanble enfòmasyon ki nesesè pou kenbe pwofil medikaman kliyan LEP yo, epi lè y ap ede kliyan LEP yo konprann etikèt medikaman yo, etikèt avètisman yo, ak lòt dokiman ekri).

153 Dapre lalwa Eta New York, patwon yo gen obligasyon pou yo bay anplwaye yo yon avi alekri lè yo anboche yo, ki presize konbe y ap peye yo ak sou ki baz yo kalkile salè sa a, nan lang anglè epi nan lang anplwaye a deklare kòm lang prensipal li. N.Y. Labor Law § 195(1)(a).

154 N.Y. Workers' Comp. Law § 17-a.

155 N.Y. Exec. Law § 296(1)(a); gade tou id. § 296(1-a) (ki entèdi patwon, òganizasyon travayè, ajans travay, ak lòt antite k ap kontwole pwogram fòmasyon apranti pou yo fè diskriminasyon sou baz andikap, ras, orijin nasyonal, sitwayènte oswa estati imigrasyon, ak lòt estati pwoteje nan fason y ap bay opòtinite fòmasyon ak aprantisaj); N.Y. Civil Rts. Law § 40-c(2) (ki entèdi diskriminasyon nan dwa sivil sou baz andikap, ras, orijin nasyonal, ak lòt estati pwoteje); N.Y. Exec. Law § 291(1) ("Opòtinite pou jwenn yon travay san diskriminasyon akoz laj, ras, kwayans (kred), koulè, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon sèks, estati militè, sèks, eta sivil, oswa andikap, rekonèt epi deklare la a kòm yon dwa sivil").

156 *Gade* N.Y. Educ. Law § 3204(2-a)–(4); 8 NYCRR §§ 117.3, 154-2; gade tou 8 N.Y.C.R.R. § 154-2.1(a) ("Chak distri lekòl dwe bay elèv k ap aprann lang Anglè yo (ELL) yon aksè egal-ego nan tout pwogram ak sèvis lekòl distri a ofri, ki koresponn ak laj elèv la ak nivo klas li, sa gen ladan aksè nan pwogram ki nesesè pou gradyasyon.").

157 *Gade, pou egzanp,* 8 NYCRR § 154-2.3(f); gade tou id. § 100.2(l)(4) (ki mande sèvis entèpretasyon ak tradiksyon pou elèv k ap aprann anglè [ELL] ak paran yo nan kad sèten pwosedi disiplinè pou elèv).

158 *Gade* 8 NYCRR § 154-2.1(b).

159 *Gade, pou egzanp,* N.Y. Exec. Law §§ 291(2), 292(40)(a)–(c), 292(40)(a)–(c), 296(4), ak 300; N.Y. Civil Rts. Law § 40-c.

160 Nan dèle twa jou apre yo fin resevwa yon demann pou prè ipotèk (mortgage), pretè yo dwe bay aplikan yo yon ti liv enfòmasyon nan lang yo prefere a ki eksplike dwa yo, sa gen ladan l dwa yo pou yo resevwa yon esplikasyon klè epi sensè sou tèm ak kondisyon prè a. N.Y. Banking Law § 35(1). Omwen 90 jou anvan yo kòmanse yon pwosedi pou sezi kay (foreclosure) kont yon pwopriyetè kay, pretè ipotèk ak konpayi k ap jere prè yo dwe bay pwopriyetè a yon avi avètisman ki fè l konnen li ka pèdi kay li nan yon pwosedi sezi. Lwa sou Pwopriyete Imobilye ak Pwosedi Jidisyè § 1304(1). Yo dwe bay pwopriyetè kay LEP yo avi sa yo nan lang prensipal yo oswa nan yon lang yo pale, depi lang sa a se youn nan sis lang ki pa anglè moun LEP yo plis pale nan Eta a. Id. § 1304(5).

161 N.Y. Banking Law § 35(1), (3) (ki mande pou konpayi medya sosyal yo pou yo poste kondisyon sèvis pou platfòm medya sosyal yo nan 12 lang ki pa Anglè LEP yo pale pi souvan nan New York).

162 N.Y. Pub. Health Law § 2805-p.

163 N.Y. Gen. Bus. Law § 460-b(1) ("Yo pa dwe bay okenn sèvis asistans pou imigran toutotan kliyan an pa fin siyen yon kontra ekri avèk founisè sèvis asistans pou imigran an. Kontra a dwe nan yon lang kliyan an konprann, kit se pou kò l oswa avèk asistans yon entèprèt ki disponib…").

164 *Gade* In re Nat'l Sec. Agency Telecomms. Records Litig., 633 F. Supp. 2d 892, 908 (N.D. Cal. 2007) ("Dekrè prezidansyèl yo, pou kont yo, pa gen plis fòs pase lwa Eta yo.").

165 U.S. Const. I, § 1 ("Tout pouvwa lejislatif yo Konstitisyon sa a konfere bay Kongrè Etazini an, ki konpoze ak yon Sena epi yon Chanm Depite."); U.S. Const. art. II, § 3 ("[Prezidan an] dwe veye pou lwa yo egzekite fidèlman ….").

166 Dekrè Prezidansyè No.14224, Ki deziyen Anglè kòm Lang Ofisyèl Etazini, 90. Fed. Reg. 11363 (1ye Mas 2025) (ki revoke Dekrè Prezidansyèl No. 13166, ki te la pou amelyore aksè nan Sèvis pou Moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè, 65 Fed. Reg. 50121 (11 Out 2000)).

167 Pwokirè Jeneral Pamela Bondi, Memorandòm: Aplikasyon Dekrè Prezidansyèl No. 14,224: Ki deziyen Anglè kòm Lang Ofisyèl Etazini (14 Jiyè 2025).

168 Pou kounye a, li pa klè ki enpak, si genyen, Dekrè Prezidansyèl No. 14224 la pral genyen sou sèvis aksè lengwistik pou moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande yo. Memorandòm Depatman Jistis la ki te soti 14 Jiyè 2025 la rekonèt dekrè a dwe aplike ann akò ak lwa ki mande pou gen yon kominikasyon efikas ak moun ki gen andikap, jan sa prevwa nan Lwa sou Reyabilitasyon (Rehabilitation Act) ak Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la (ADA), men nou poko konnen ki jan gouvènman federal la pral entèprete lwa sa yo. Ou ka aprann plis bagay sou Lwa Reyabilitasyon an ak ADA nan seksyon "Dekrè ak règleman federal" nan gid sa a.

169 *Gade Clinton v. City of New York,* 524 U.S. 417, 438 (1998) (“Pa gen okenn dispozisyon nan Konstitisyon an ki otorize Prezidan an pou l pwomilge, modifye, oswa anile lwa.”); San Francisco v. Trump, 897 F.3d 1225, 1234 (9yèm Sikwi 2018) (ki deklare dekrè prezidansyèl k ap “eseye anpare pouvwa Kongrè a genyen pou l fè lwa” vyole prensip konstitisyonèl sou separasyon pouvwa yo); PFLAG, Inc. v. Trump, 766 F. Supp. 3d 535, 561 (D. Md. 2025) (menm desizyon an); gade tou Youngstown Sheet & Tube Co. v. Sawyer, 343 U.S. 579, 588 (1952) (“Konstitisyon an pa mete pouvwa Kongrè a genyen pou l fè lwa anba kontwòl… prezidan an.”). Anplis, Lakou Siprèm nan fèk eksplike dènyèman: “fason ajans yo entèprete lwa yo — menm jan ak fason yo entèprete Konstitisyon an — pa bay dwa pou yo aksepte yo san diskisyon.).” Loper Bright Enters. v. Raimondo, 603 U.S. 369, 392 (2024).

170 ADA gen kat seksyon enpòtan, yo rele «Tit», ki entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap pa anplwayè yo, gouvènman Eta ak lokal yo, biznis ki ouvè pou piblik la, etablisman komèsyal yo, founisè transpò yo, ak konpayi telekominikasyon yo. Tit I nan ADA mande pou anplwayè ki gen 15 anplwaye oswa plis bay moun ki andikape yo menm chans pou yo benefisye tout opòtinite ki gen rapò ak travay. 42 U.S.C. §§ 12111–12117; gade, pou egzanp, Equal Emp. Opportunity Comm’n v. Drivers Mgmt., LLC, 142 F.4th 1122, 1127, 1130–33 (8yèm Sikwi 2025) (yon konpayi transpò kamyon te vyole ADA paske li te refize anboche yon stajyè poutèt li te soud epi li te bezwen akomodasyon rezonab). Pati A nan Tit II a pou gouvènman Eta yo ak kolektivite lokal yo ofri moun ki gen andikap menm chans pou yo benefisye pwogram, sèvis, ak aktivite yo, sa gen ladan l sèvis sosyal, edikasyon piblik, tribinal, transpò, lwazi, swen sante, vòt (eleksyon), sèvis ijans, ak reyinyon piblik yo. 42 U.S.C. §§ 12131–12134; gade, pou egzanp, Martinez v. Cuomo, 459 F. Supp. 3d 517, 522 (S.D.N.Y. 2020) (plent moun nan te depoze a ki te di gouvènè New York la te vyole ADA ak lwa sou reyabilitasyon an paske li pa te mete yon entèprèt Lang Siy Ameriken (ASL) sou ekran an pandan pwen près televize li te konn fè chak jou yo, se yon plent ki te gen anpil chans pou reyisi). Pati B nan Tit II a mande pou rezo transpò piblik yo bay akomodasyon ki pèmèt moun ki gen andikap yo gen menm chans pou yo benefisye de sèvis yo. 42 U.S.C. §§ 12141–12165; gade, pou egzanp, Segal v. Metro. Council, 29 F.4th 399, 402, 405 (8yèm Sikwi 2022) (ki jwenn gen rezon pou yon pwosè pou detèmine akoz yon ajans transpò pa t anonse trajè otobis la bay yon pasaje ki soud epi avèg te vyole, pami lòt lwa, ADA ak Lwa sou Reyabilitasyon an). Tit III a mande pou òganizasyon ki pa fè pwofi ak antrepriz k ap sèvi piblik la, sa gen ladan l restoran, magazen, otèl, sinema, lekòl prive, kabinè doktè, lopital, gadri, ak konpayi transpò prive, bay moun ki gen andikap yo menm chans pou yo jwenn aksè nan byen oswa sèvis yo ofri yo. 42 U.S.C. §§ 12181–12189; gade, pou egzanp, Panarra v. HTC Corp., 598 F. Supp. 3d 73, 79 (W.D.N.Y. 2022) (yon moun ki soud te depoze yon plent anba ADA ak lòt lwa kont yon konpayi teknoloji ki pa te mete soutit nan sèvis li yo); Puerner v. Hudson Spine and Pain Med. P.C., No. 17-CV-03590 (ALC), 2018 WL 4103491 (S.D.N.Y. 28 Out 2018) (akoz yon biwo medikal pa te bay entèpretasyon ASL te vyole ADA yo). Finalman, Tit IV la mande konpayi telekominikasyon yo pou yo bay sèvis ki pèmèt itilizatè ki soud ak ki gen difikilte pou tande yo kominike. 47 U.S.C. § 225.

171 Seksyon 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la (Rehabilitation Act) mande pou moun oswa enstitisyon ki resevwa asistans finansye federal, ansanm ak ajans egzekitif federal yo, bay akomodasyon lengwistik pou moun ki gen andikap, sa gen ladan li moun ki soud ak sila ki gen difikilte pou tande. 29 U.S.C. § 794(a); gade, pou egzanp, Liese v. Indian River Cnty. Hosp. Dist., 701 F.3d 334, 344 (11yèm Sikwi 2012) (si yon lopital pa bay asistans siplemantè ki nesesè pou moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande, sa konstitiye yon vyolasyon Lwa sou Reyabilitasyon an); Rothschild v. Grottenthaler, 907 F.2d 286, 288, 293 (2yèm Sikwi 1990) (Lwa sou Reyabilitasyon an mande pou lekòl piblik ki resevwa asistans finansye federal bay sèvis entèpretasyon lang siy sou kont distri a pou paran ki soud ki gen timoun ki tande nòmal nan tout aktivite lekòl la òganize).

Seksyon 601 nan Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, 42 U.S.C. § 2000d, ki entèdi diskriminasyon sou orijin nasyonal pa tout moun oswa enstitisyon ki resevwa asistans finansye federal, te entèprete kòm yon lwa ki ofri menm kalite pwoteksyon pou moun LEP yo. Gade Lau v. Nichols, 414 U.S. 563, 568 (1974). Lakou Siprèm nan limite kapasite lòt antite apa Ministè Jistis (DOJ) pou fè respekte Tit VI lè y ap konteste pratik ki baze sou "enpak diskriminatwa". gade Alexander v. Sandoval, 532 U.S. 275, 280, 286, 293 (2001). Sepandan, tribinal yo kontinye aplike Tit VI pou diskriminasyon ki baze sou lang. gade T.R. v. Sch. Dist. of Phila., 223 F. Supp. 3d 321, 335 (E.D. Pa. 2016) ("Anpil tribinal federal te deklare diskriminasyon sou baz lang se yon fòm diskriminasyon orijin nasyonal ki entèdi pa Tit VI."); United States v. Maricopa Cnty., Ariz., 915 F. Supp. 2d 1073, 1079 (D. Ariz. 2012) ("Jirispridans ki etabli depi lontan, politik federal yo, ak entèpretasyon ajans yo fè sou politik sa yo sipòte opinyon diskriminasyon ki baze sou lang konstitiye yon fòm diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal anba Tit VI.").

172 Gid sa a itilize tèm "Elèv k ap Aprann lang Anglè" olye "moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè" pou deziyen elèv yo. EEOA entèdi refize "opòtinite edikasyon egal pou yon moun akoz orijin nasyonal yo", tankou lè "yon ajans edikasyon pa pran aksyon apwopriye pou simonte baryè lengwistik ki anpeche patisipasyon egal elèv li yo nan pwogram enstriksyonèl li yo". 20 U.S.C. § 1703(f) ; gade Issa v. Sch. Dist. of Lancaster, 847 F.3d 121, 140 (3yèm Sikwi 2017) (elèv LEP yo te gen anpil chans pou yo genyen yon pwosè anba EEOA kont yon distri lekòl ki te bay elèv sa yo yon edikasyon ki pat bon kalite) ; Methelus v. Sch. Bd. of Collier Cnty., Fla., 243 F. Supp. 3d 1266, 1277 (M.D. Fla. 2017) (akizasyon ki di yon distri lekòl refize enskri elèv LEP yo nan yon lekòl piblik epi voye yo pito nan yon pwogram pou granmoun ki pa bay kredi te konstitiye yon vyolasyon EEOA) ; New York by Schneiderman c. Utica City Sch. Dist., 177 F. Supp. 3d 739, 753 (N.D.N.Y. 2016) (akizasyon kote distri a te detounen elèv LEP yo, voye yo nan yon pwogram altènatif ki pa gen bon kalite te konstitiye yon vyolasyon EEOA) ; T.R. c. Sch. Dist. of Philadelphia, 223 F. Supp. 3d 321, 335 (E.D. Pa. 2016) (akizasyon kote distri a pa te bay sèvis tradiksyon adekwat pou elèv LEP ki andikape yo te konstitiye yon vyolasyon EEOA).

173 Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap (IDEA), 20 U.S.C. §§ 1400, 1412(a)(1)(A); Endrew F. ex rel. Joseph F. v. Douglas Cnty. Sch. Dist. RE-1, 580 U.S. 386, 402–03 (2017) (IDEA "mande yon pwogram edikasyon ki byen kalkile pou pèmèt yon timoun fè pwogrè ki apwopriye selon sitiyasyon li"). Pwoteksyon prensipal IDEA garanti pou aksè lengwistik la konsène elèv ki soud ak sa ki gen difikilte pou tande, men lwa a trete tou aksè lengwistik pou elèv ELL yo ak paran yo. Pou egzanp, IDEA poze kondisyon pou Eta yo resevwa sibvansyon pou edikasyon espesyalize ak sèvis ki gen rapò ak sa pou timoun ki gen andikap; Eta a dwe prezante yon "plan ki garanti [...] Eta a gen politik ak pwosedi ki an plas pou asire", pami lòt bagay, "tès yo ak pwosedi evalyasyon yo itilize pou evalye ak plasman timoun ki gen andikap yo... fèt epi administre nan lang prensipal timoun nan oswa nan fòm li kominike a, sof si li klèman enposib pou yo fè sa." 20 U.S.C. § 1412(a)(6)(B). IDEA gen ladan l tou divès garanti sou pwosedi ki mande, pami lòt pwoteksyon, pou yo voye notifikasyon bay paran yo nan lang prensipal yo. Id. §§ 1415(B)(4), 1439(a)(7).

174 Pou egzanp, Lwa sou Reyisit Tout Elèv (Every Student Succeeds Act) yo, ki te reyotorize Lwa sou Ansèyman Primè ak Segondè 1965 la (Elementary and Secondary Education Act), genyen anpil dispozisyon ki gen rapò ak asistans lenwistikg, patikilyèman sa yo ki konsène: (1) amelyorasyon lekòl yo anjeneral, gade 20 U.S.C. §§ 6301–6578; (2) ansèyman lang pou elèv ELL (ki ap aprann anglè) ak elèv imigran yo, gade id. §§ 6801–7014; epi (3) edikasyon elèv endijèn yo nan lang ki pa anglè, gade id. §§ 7401–7546; gade tou id. § 3420 (ki etabli Biwo Akizisyon Lang Anglè nan kad Depatman Edikasyon an epi ki mande pou direktè li a "kowòdone administrasyon pwogram edikasyon bileng yo nan depatman an").

175 52 U.S.C. §§ 10301, 10303(f)(2) (ki entèdi pratik ak pwosedi ki mennen nan refize oswa limite dwa vòt yon sitwayen paske li fè pati yon "gwoup lengwistik minoritè" ki pa pale anglè). Nan Eta ak nan sibdivizyon politik ki konsène yo, tout bilten vòt ak dokiman elektoral yo dwe disponib nan lang gwoup lengwistik minoritè ki elijib yo. Id. § 10503; gade OCA-Greater Houston c. Texas, 867 F.3d 604, 615 (5yèm Sikwi 2017) (desizyon ki di yon lwa elektoral nan Texas ki te limite asistans entèpretasyon pou elektè LEP yo te vyole lwa VRA a); In re Cnty. of Monterey Initiative Matter, 427 F. Supp. 2d 958, 964 (N.D. Cal. 2006) ki te egzije pou yon konte ki konsène bay tradiksyon an panyòl pou yon petisyon ki gen rapò ak eleksyon).

176 52 U.S.C. § 10310(c)(3) ("Tèm "minorite lengwistik" oswa "gwoup lengwistik minoritè" a defini kòm "moun ki se Endyen Ameriken, Ameriken Azyatik, natif Alaska, oswa moun ki gen orijin Panyòl.").

177 *Id.* § 10508 (“Nenpòt elektè ki bezwen asistans pou l vote poutèt li avèg, li gen yon andikap, oswa li pa kapab li oswa ekri, ka jwenn asistans nan men yon moun li chwazi, depi moun sa a se pa anplwayè li, oswa yon reprezantan anplwayè li, oswa yon ofisye oswa yon reprezantan sendika elektè a.”)*; gade Arkansas United v. Thurston,* 517 F. Supp. 3d 777, 786 (W.D. Ark. 2021) (ki deside lwa 52 U.S.C. § 10508 la aplikab pou elektè LEP yo).

178 42 U.S.C. § 18116(a) (“[Yo] pa dwe eskli yon moun … pou l pa patisipe nan, refize ba li benefis, oswa fè l sibi diskriminasyon anba, okenn pwogram oswa aktivite sante, ke nenpòt pati ladan l ap resevwa asistans finansyè federal, tankou kredi, sibvansyon, oswa kontra asirans, oswa anba nenpòt pwogram oswa aktivite ki administre pa yon Ajans Egzekitif …”); gade ka Saldana v. Cook Cnty. Health & Hosps. Sys., No. 19 CV 6178, 2024 WL 4792113, at *9–10 (N.D. Ill. 5 janvye 2024) (Yo deside gen “ase prèv pou sipòte konklizyon” ke lopital la te vyole lwa ACA a lè li pa t bay yon pasyan soud yon entèprèt an pèsòn pandan tretman an).

179 Si diskriminasyon ki baze sou lang yo reprezante diskriminasyon akòz orijin nasyonal oswa yon lòt karakteristik ki pwoteje, tankou ras, depann de reyalite ak lwa an kesyon yo epi yo pa ka pran pou yo akòde. Lè sitiyasyon an ak sikonstans yon refi patikilye pou aranjman aksè langaj sijere ke diskriminasyon ki baze sou langaj lan kapab yon ranplasman pou diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal oswa ras, tribinal yo ka konkli ke lwa ki entèdi de dènye fòm diskriminasyon sa yo aplike. Gade ka Hernandez kont New York, 500 U.S. 352, 354 (1991) (“Li posib, pou sèten gwoup etnik ak nan kèk kominote, ke konpetans nan yon lang patikilye, menm jan ak koulè po, ta dwe trete kòm yon ranplasan pou ras anba yon analiz pwoteksyon egal.”); ka Desrosiers kont Summit Sec. Servs., Inc., No. 21-CV-10941 (JPO), 2022 WL 13808524, at *4 (S.D.N.Y. 21 oktòb 2022) (“[P]rèv diskriminasyon sou baz lang ka pèmèt yon jiri konkli diskriminasyon orijin nasyonal oswa rasyal, tankou lè li akonpaye pa prèv ki pwouve diskriminasyon pi dirèkteman.” (netwaye); Ka CNY Fair Hous., Inc. kont Swiss Vill., LLC, No. 521CV1217MADML, 2022 WL 2643573, at *7 (N.D.N.Y. 8 Jiyè 2022) (ki kolekte ka ki endike ke diskriminasyon ki baze sou lang ka, nan sèten sikonstans, sèvi kòm prèv diskriminasyon sou baz ras oswa orijin nasyonal); Ka Komisyon pou Egalite nan Travay. kont Wisconsin Plastics, Inc., 186 F. Supp. 3d 945, 948 (E.D. Wis. 2016) (“Se vre ke kapasite langaj an li menm pa ekivalan legal a yon klas pwoteje tankou ras oswa orijin nasyonal, men lang yon moun pale ka pafwa sèvi kòm yon ranplasan, oswa yon pretèks, pou diskriminasyon kont yon klas pwoteje.”); ka Rivera v. NIBCO, 701 F. Supp. 2d 1135, 1141 (E.D. Cal. 2010) (“Diskriminasyon ki baze sou lang souvan lye ak diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal…”). Malgre ke gid sa a gen referans a lwa ki entèdi diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal la toupatou, lektè yo ta dwe fè pwòp analiz legal yo sou yon baz ka pa ka pou detèmine si nenpòt lwa ki entèdi diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal ofri pwoteksyon nan aksè lang.

180 29 U.S.C. § 794(a)–(b); gade ka Basta v. Novant Health Inc., 56 F.4th 307, 318 (4th Cir. 2022) (mari soud la te depoze yon plent anba Lwa Reyabilitasyon an kont lopital la ki te refize ba li yon entèprèt ASL epi ki te ba li yon aparèy oksilyè ki pa efikas pandan li t ap sèvi kòm reprezantan medikal madanm li pandan akouchman pitit yo a).

181 42 U.S.C. §§ 12132, 12182; gade ka Loeffler v. Staten Island Univ. Hosp., 582 F.3d 268, 275–75 (2d Cir. 2009) (jwenn pwoblèm nan reyalite materyèl sou si yon lopital pa bay entèprèt ASL pou pasyan soud ak madanm pasyan an, fòse pitit yo aji kòm entèprèt, vyole Lwa Reyabilitasyon an ak lòt lwa).

182 42 U.S.C. §§ 3604–06 (ki entèdi diskriminasyon nan vann oswa lokasyon lojman, nan tranzaksyon byen imobilye, ak nan sèvis koutye sou baz orijin nasyonal ak andikap); gade CNY Fair Hous., Inc. v. Swiss Vill., LLC, No. 521CV1217MADML, 2022 WL 2643573, *6-8 (N.D.N.Y. 8 Jiyè 2022) (moun ki te pote plent yo te fè sa anba lwa FHA kont yon pwopriyetè ki te gen yon politik ki mande pou lokatè yo pale anglè, sa ki te ka yon fason pou fè diskriminasyon sou orijin nasyonal); Fair Hous. Just. Ctr., v. Allure Rehab. Servs. LLC, 2017 WL 4297237 (E.D.N.Y. 26 Septanm 2017) (plent kont yon mezon retrèt ki te refize bay entèprèt ASL pou rezidan soud yo); Cabrera v. Alvarez, 977 F. Supp. 2d 969, 977 (N.D. Cal. 2013) (plent kont yon otorite lojman kote anplwaye yo te refize bay moun ki pale panyòl entèprèt epi yo te fè kòmantè agresif sou nivo anglè yo).

183 Lè Depatman Ansyen Konbatan yo (VA) detèmine yonn nan etablisman medikal li yo ap sèvi yon "kantite enpòtan ansyen konbatan ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè," VA a "dwe etabli epi mete an plas pwosedi... pou garanti yo idantifye yon kantite ase moun pami anplwaye [etablisman an] ki metrize byen lang ki pi apwopriye pou ansyen konbatan sa yo, ak lang Anglè a; epi moun sa yo pral gen responsabilite pou bay veteran sa yo ak anplwaye Depatman an k ap travay avèk yo konsèy sou sansibilite kiltirèl epi pou yo sèvi kòm pon pou konble diferans lengwistik ak kiltirèl yo." 38 U.S.C. § 8110(b). "Nan zòn kote yon kantite enpòtan ansyen konbatan ak moun ki depann de yo pale yon lòt lang ki pa Anglè kòm lang prensipal yo," VA a dwe, toutotan sa posib, bay sèvis èd pou ansyen konbatan yo "nan lang prensipal moun sa yo." Id. § 6303(a).

184 42 U.S.C. § 12112(a) ("Okenn antite ki konsène pa dwe fè diskriminasyon kont yon moun ki kalifye poutèt andikap li nan kad pwosedi aplikasyon pou travay, anboche, avansman, oswa ranvwaye anplwaye, salè anplwaye, fòmasyon travay, ak lòt kondisyon oswa privilèj travay."); gade Searls v. Johns Hopkins Hosp., 158 F. Supp. 3d 427, 430, 437 (D. Md. 2016) (lopital la te vyole ADA ak Lwa sou Reyabilitasyon an paske li te anile yon òf travay pou yon enfimyè ki soud apre enfimyè a te mande yon entèprèt ASL aplentan, sa ki te yon akomodasyon rezonab).

185 Pou egzanp, Lwa sou Egalite nan Opòtinite Travay la entèdi tou, yon fason jeneral, tout diskriminasyon nan travay ki baze sou ras, koulè, relijyon, sèks, oswa orijin nasyonal. 42 U.S.C. § 2000e-2 (a) (li defini yon pratik travay ilegal kòm lè yo pa anboche yon moun, yo ranvwaye li, oswa yo fè diskriminasyon kont li nenpòt lòt fason nan kondisyon travay li, nan peman li, oswa nan avantaj li genyen; oswa lè yo limite, separe, oswa klase anplwaye yo oswa moun k ap chèche travay yon fason ki t ap retire chans pou moun nan jwenn travay oswa ki t ap gen yon move enpak sou estati li kòm anplwaye poutèt ras li, koulè li, relijyon li, sèks li, oswa orijin nasyonal li). Lwa Omnibus sou Kontwòl Krim ak Sekirite nan Lari (SSA) ane 1968 la deklare: "Yo pa dwe ekskli pèsonn, nan okenn Eta, nan patisipasyon nan yon pwogram oswa aktivite ki jwenn finansman total oswa an pati nan fon ki disponib dapre chapit sa a; yo pa dwe refize pèsonn benefis pwogram oswa aktivite sa a; yo pa dwe fè diskriminasyon kont pèsonn nan kad pwogram oswa aktivite sa a; epi yo pa dwe refize pèsonn yon travay ki gen rapò ak pwogram oswa aktivite sa a poutèt ras li, koulè li, relijyon li, orijin nasyonal li, oswa sèks li." 34 U.S.C. § 10228(c). Moun ki fin itilize tout rekou administratif yo ka pote plent devan tribinal sivil dapre SSA a, id. § 10228(c)(4)(A)–(B), epi omwen gen yon tribinal ki te remake lwa SSA a aplikab pou plent ki konsène aksè lengwistik (sèvis nan lang moun nan), gade Ling v. State, 288 Ga. 299, 302 (2010). Lwa sou Inovasyon ak Opòtinite nan Mendèv la (WIOA) prevwa "Yo pa dwe ekskli pèsonn nan patisipasyon nan, ni yo pa dwe refize li benefis nan, ni li pa dwe viktim diskriminasyon nan kad, ni yo pa dwe refize li yon travay nan administrasyon oswa an koneksyon avèk" nenpòt pwogram oswa aktivite ki resevwa finansman anba lwa a sou baz orijin nasyonal, ras, koulè, andikap, laj, oswa sèks. 29 U.S.C. § 3248(a)(1)–(2). Sepandan, WIOA defini diskriminasyon sou orijin nasyonal an relasyon ak Tit VI, epi pa gen okenn dwa pou yon moun fè pwosè pèsonèl (dwa aksyon prive) dapre WIOA; se Sekretè Travay Etazini ak Pwokirè Jeneral Etazini ki fè respekte lwa sa a. Guida v. W. Virginia Dep't of Com., No. 5:23-CV-359, 2024 WL 2870853, *3 (N.D. W. Va. 29 Me 2024); Owens v. Freedom Roads Holding Co. LLC, No. CV-17-1117-PHX-JZB, 2017 WL 11714023, *6 (D. Ariz. 19 Jiyè 2017).

186 *Gade, pou egzanp,* 15 U.S.C. § 9513(a)(1)(C) (ki mande pou Sou-Sekretè Komès pou Devlopman Antrepriz Minoritè yo "bay sèvis sansibilizasyon, sèvis edikasyonèl, ak asistans teknik nan, omwen, 5 lang ki pi pale Ozetazini pou asire moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè (LEP) jwenn yon aksè ki apwopriye nan nivo kiltirèl ak lengwistik nan sèvis ak enfòmasyon Ajans pou Devlopman Antrepriz Minoritè yo bay"); 42 U.S.C. § 12651d(b)(19) (ki deklare responsabilite Direktè Egzekitif AmeriCorps gen ladan l, "kote sa posib, bay materyèl aplikasyon nan lòt lang apa anglè moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè ki vle patisipe nan yon pwogram sèvis nasyonal").

187 Lwa sou Entèprèt nan Tribinal (Court Interpreters Act) mande pou gen yon entèprèt si yon pati nan yon pwosè oswa yon temwen "pale sèlman oswa prensipalman yon lòt lang apa lang anglè a" oswa li "soufri ak yon andikap nan tande... ki ta ka anpeche moun sa a konprann pwosedi yo oswa kominike avèk avoka li oswa avèk ofisye jidisyè k ap prezide a, oswa ki ta ka anpeche temwen sa a konprann kesyon yo epi prezante temwayaj li." 28 U.S.C. § 1827(d)(1). Nòm jeneral pou yon tradiksyon adekwat nan pwosedi tribinal la egzije yon tradiksyon kontinyèl, mo pou mo, tout sa ki gen rapò ak pwosè a yon akize ki pale Anglè byen ta gen dwa konprann." United States v. Joshi, 896 F.2d 1303, 1309 (11yèm Sikwi 1990). Atik 43(d) nan Politik Federal sou Pwosedi Sivil prevwa "yon tribinal ka chwazi yon entèprèt li vle, fikse yon peman rezonab pou yo peye li ak lajan lalwa prevwa oswa lajan yonn oswa plizyè pati nan pwosè a bay, epi enpoze peman sa a kòm yon depans" nan odyans yon temwen.

188 28 U.S.C. § 1827(d)(1).

189 7 U.S.C. § 2020(e)(1)(B).

190 42 U.S.C. § 5151(a). Dispozisyon patikilye sa a ki nan Lwa Stafford la (Stafford Act) —ki gouvène aktivite repons federal yo lè gen katastwòf—mete yon obligasyon klè sou do Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA) epi li bay moun ki viktim diskriminasyon apre yon katastwòf oswa yon ijans majè dwa pou yo pousuiv FEMA dirèkteman nan tribinal (aksyon prive). Laday v. Ramada Plaza Hotel LaGuardia, No. 07-CV-0450, 2007 WL 526613, *2 (E.D.N.Y. Feb. 13, 2007). 13 Fevriye 2007). Responsabilite pou pwouve FEMA te fè diskriminasyon kont yon moun k ap mande asistans repoze sou zepòl moun k ap konteste aksyon FEMA a. *Id*.

191 42 U.S.C. § 5151(a).

192 *Id*. § 5196f(a).

193 *Id.*

194 6 U.S.C. § 321o(b)(3). Komisyon Federal Kominikasyon an (FCC) etabli politik pou konpayi telefòn san fil (mobil) yo voye mesaj alèt ijans dirèkteman sou telefòn mobil yo, sa yo rele Alèt Ijans san Fil (Wireless Emergency Alerts - WEA). Depi Novanm 2018, FCC te mande konpayi telefòn yo pou yo voye alèt sa yo nan lang panyòl. 47 C.F.R. § 10.480. Apre plizyè ane batay Pwokirè Jeneral Letitia James t ap mennen, epi apre yon lèt avètisman yon kowalisyon plizyè Eta anba lidèchip Pwokirè James te voye nan mwa Novanm 2025, FCC te pibliye yon nouvo politik ki mande konpayi telefòn yo pou yo voye Alèt Ijans San Fil yo nan lang Anglè, nan lang siy (ASL), ak nan 13 lòt lang anvan dat 12 Jen 2028. FCC, Politik sou Alèt Ijans san Fil ak Sistèm Alèt Ijans, 91 Fed. Reg. 2317–2318 (20 Janvye 2026) (ki pral kodifye nan 47 C.F.R. pt. 10); gade tou OAG, Att'y Gen. James Celebrates Expansion of Multilingual Emergency Alerts, 21 Janvye 2026, https://ag.ny.gov/press-release/2026/attorney-general-james-celebrates-expansion-multilingual-emergency-alerts. Dapre nouvo politik sa a, konpayi telefòn san fil yo pral gen obligasyon pou yo sipòte Alèty Ijans san Fil nan lang sa yo: Arab, Chinwa (senplifye ak tradisyonèl), Fransè, Alman, Kreyòl Ayisyen, Hindi, Italyen, Koreyen, Pòtigè, Ris, Panyòl, Tagalòg, ak Vyetnamyen, ansanm ak ASL ak Anglè .

195 42 U.S.C. §§ 12132, 12141(2), 12181(1), 12182.

196 *Gade id.* § 12141(2); Lopez v. Jet Blue Airways, 662 F.3d 593, (2yèm Sikwi 2011) (ki te rejte yon plent ki te baze sou ADA kont yon konpayi avyon paske yo konsidere vwayaj nan avyon pa antre nan definisyon "transpò piblik" ki nan lwa sa a).

197 49 U.S.C. § 41705(a). Along with several other circuit courts, the Second Circuit has held49 U.S.C. § 41705(a). Menm jan ak plizyè lòt Kou Dapèl, Dezyèm Sikwi a jwenn Lwa sou Aksè nan Transpò Ayeryen (ACAA) pa bay pasyan yo dwa pou yo pousuiv konpayi an dirèkteman nan tribinal (aksyon prive). Gade Lopez, 662 F.3d, 597. Olye sa, yon pasaje ki viktim dwe depoze yon plent alekri nan Depatman Transpò Ozetazini an (DOT), ki jeneralman gen obligasyon pou l mennen ankèt sou plent ki baze sou "motif rezonab." Id.; 49 U.S.C. § 46101(a)(1). Desizyon DOT a la pou l fè respekte politik kont diskriminasyon yo ka depann de ki administrasyon federal ki sou pouvwa a. Remake byen, byenke pa gen okenn dwa aksyon prive pou fè respekte ACAA, pasaje ki viktim yo gen yon chans limite nan tribinal apre DOT a fin pran yon desizyon administratif. 49 U.S.C. § 46110(a) (sa pèmèt yon moun ki gen yon "enterè enpòtan" nan yon desizyon DOT a te pran, pou l mande Kou Dapèl Ozetazini pou l re-egzamine desizyon an nan distri Columbia oswa nan Sikwi moun nan rete a. Pou detèmine si yon moun gen yon enterè enpòtan, tribinal yo sèvi ak menm kritè yo sèvi pou konnen si yon moun gen dwa legal pou l pote plent dapre Atik III nan Konstitisyon an. Gade, Illinois Dept. of Transp. v. Hinson, 122 F.3d 370, 371-72 (7yèm Sikwi 1997) (ki defini yon enterè enpòtan dapre atik 46110(a) kòm "yon enterè pou moun nan pwoteje kont yon mal, kote "mal" vle di (1) yon domaj ki klè epi yo ka mezire, (2) pwosè a gen anpil chans pou l anpeche, diminye oswa repare, (3) pou yon enterè ki konkrè, endividyèl, epi ki enpòtan"); Competitive Enter. Inst. v. U.S. Dept. of Transp., 863 F.3d 911, 914 (Sikwi D.C. 2017) (ki baze sou jirispridans Atik III pou detèmine moun ki te pote plent lan, nan ka sa yon itilizatè sigarèt elektwonik, te gen dwa pou konteste yon règ DOT a ki entèdi itilizasyon yo nan avyon).

Lwa Fly America a (Fly America Act) entèdi tou konpayi avyon nasyonal ak etranje yo fè diskriminasyon sou baz orijin nasyonal, pami lòt karakteristik lalwa pwoteje. 49 U.S.C. § 40127(a)–(b). Menm jan ak ACAA nou evoke pi wo a, "pifò tribinal federal ki te konfwonte ak pwoblèm sa a te konkli pa gen okenn dwa pou moun fè pwosè dirèk (dwa aksyon prive)" dapre dispozisyon kont diskriminasyon ki nan lwa FAA a. Shebley v. United Cont'l Holdings, Inc., 357 F. Supp. 3d 684, 690 (N.D. Ill. 2019); gade Shin v. Am. Airlines Grp., Inc., No. 17-CV-2234-ARR-JO, 2017 WL 3316129, *2 (E.D.N.Y. Aug. 3, 2017), aff'd sub nom. Shin v. Am. Airline, Inc., 726 F. App'x 89 (2yèm Sikwi 2018); James v. Am. Airlines, Inc., 247 F. Supp. 3d 297, 307 (E.D.N.Y. 2017). "Malgre sa, gen kèk tribinal distri ki te omwen sipoze lekontrè (sa vle di yo ta ka pèmèt yon pwosè dirèk)." Shebley, 357 F. Supp. 3d, 690–91 (citing Qayyum v. U.S. Airways, Inc., No. 3:08-0996, 2008 WL 4879401, *1 n.1 (S.D. W. Va. 12 Novanm 2008); Williams v. Midwest Airlines, Inc., 321 F. Supp. 2d 993, 996 (E.D. Wis. 2004); Alasady v. Nw. Airlines Corp., No. Civ. 02-3669(RHK/AJB), 2003 WL 1565944, *10 n.13 (D. Minn. 3 Mas 2003)).

198 *Gade, pou egzanp,* 7 U.S.C. § 136a(f)(5) (ki egzije pou enfòmasyon sou sekirite ak sante ki sou etikèt pwodui pestisid yo tradui an panyòl); 42 U.S.C. § 3020e-1(h) (ki egzije pou Sekretè Adjwen pou Prizanchaj Granmoun Aje yo etabli epi administre yon liy dirèk telefòn nasyonal k ap bay moun LEP enfòmasyon lè y ap chèche "sèvis sansibilizasyon, enfòmasyon, konsèy, referans ak lòt kalite èd konsènan pansyon ak lòt benefis retrèt, ak dwa ki gen rapò ak benefis sa yo").

NEW YORK STATE ATTORNEY GENERAL

Biwo Avoka Jeneral Letitia James nan Eta New York

Nimewo telefòn pou yo ede ou:
1-800-771-7755

Konpetans limite nan lang anglè (LEP):
1-800-788-9898

Videyo Lang Siy Ameriken (ASL) pou piblikasyon sa a disponib nan:

ag.ny.gov/language-access